ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№81 (23.739) ● 2018 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 3, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Къэрал къулыкъумрэ унафэщІ лэжьакІуэхэм я резервымрэ я Іуэхуэмкіэ щыІэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм щэкІуэгъуэм и 30-м къыдигъэкІа Указ №177-УГ-мкІэ къыщытам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Къэрал къулыкъумрэ унафэщІ лэжьакІуэхэм я резервымрэ я Іуэхуэмкіэ щыІэ комиссэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж къэрал къулыкъумрэ унафэщІ лэжьакІуэхэм я резервымрэ я Іуэхуэмкіэ щыІэ комиссэм теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм щэкІуэгъуэм и 30-м къыдигъэкІа Указ №177-УГ-мкІэ къыщытам, мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэх:

а) Комиссэм хэгъэхьэн мы къыкІэлъыкІуэхэр:

Асанов А. У. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министр

Мовсисян Г. О. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр;

б) **Алэкъуей А. М**. и къулыкъум зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхуэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэрыуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэр»;

в) **Ахъуэхъу Т. Б**. и къулыкъум зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ (эзгурыІуауэ)»;

г) Комиссэм къыхэгъэкІыжын Емуэ Н. Гъ., Тюбеев А. И. сымэ.

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм мэкъуауэгъуэм и 26-м
№94-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Къэрал къулыкъумрэ унафэщІ лэжьакІуэхэм я резервымрэ я Іуэхуэмкіэ щыІэ комиссэм теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм щэкІуэгъуэм и 30-м къыдигъэкІа Указ №177-УГ-мкІэ къыщытам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм электрокъаруКІэ къыззрыззрагъэпэщым шынагъуэ кьытемыгъэхьэнымкІэ Штабым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм электрокъаруКІэ къыззрыззрагъэпэщым шынагъуэ кьытемыгъэхьэнымкІэ Штабым хэтхэр кьэщтэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 7-м къыдигъэкІа Указ №152-УГ-мкІэ къыщытам, мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Штабым хэгъэхьэн мы къыкІэлъыкІуэхэр:

Беганов С. Н. - Экологие, технологие, атом кІэлъыплъыныгъэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Кавказ управленэм энергетикэ кІэлъыплъыныгъэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ гидротехникэ ухуэныгъэхэм якІэлъыплъынымкІэ и кьудамэм и унафэщІым *(эзгурыІуауэ)*

Поляков С. А. - «Кавказ Ищхъэрэм энергиер щытезыгъашэ щыналъэ зэхуаку компание» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и генеральнэ директорым властым и органхэмрэ граждан жылагъуэ Іуэхущапіэхэмрэ ядэлэжьэныкІэ и къуэдзэр *(эзгурыІуауэ)*

Емуэн А. А. - «Кавказ Ищхъэрэм энергиер щытезыгъашэ щыналъэ зэхуаку компание» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и «Къэбэлъкъэнерго» къудамэм и унафэщІым и япэ хуэдэдзэ - инженер нэхъыщхьэр *(эзгурыІуауэ)*

Яструбенко Е. В. - «Кавказ Ищхъэрэм энергиер щытезыгъашэ щыналъэ зэхуаку компание» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и технологие зыужьныгъэмкІэ и департаментым зыужьныгъэмкІэ и къудамэм и унафэщІым *(эзгурыІуауэ)*;

б) **Бэлэтокъуэ В. Хь**. и къулыкъум зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм инфраструктурэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьныгъэмкІэ и министр *(Штабым и унафэщІщ)*»;

в) **Бездниковэ И. С**. и къулыкъум зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм энергетикэмкІэ, тарифхэмкІэ, псэупІэм и Іэнатіэм щыкІэлъыплъынымкІэ и министерствэм энергиекІэ къызэгъэпэщынымрэ энергиер зэгъэзэхуэнымкІэ и кьудамэм и унафэщІым *(Штабым и секретарщ)*»;

д) Штабым къыхэгъэкІыжын Малкаров Я. Т., Хьэпэ А. Б. сымэ.

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм мэкъуауэгъуэм и 26-м
№95-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал наградэхэр тыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэрал статистикэм и органхэм иІъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрыщылажьэм папщІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхьилъыр етын

Гузеевэ Аружан Рэмэзан и пхъум - Къэрал статистикэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыхэтхыныгъэхэмрэ кІэлъыплъынымкІэ щыІэ гидротехникэ ухуэныгъэхэм якІэлъыплъынымкІэ и кьудамэм и унафэщІым и къуэдзэм

Земляковэ Антонинэ Александр и пхъум - Къэрал статистикэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыхэтхыныгъэхэмрэ кІэлъыплъынымкІэ щыІэ гидротехникэ ухуэныгъэхэм якІэлъыплъынымкІэ и кьудамэм и унафэщІым и къуэдзэм

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и экономист» цІэ лъапІэр фІэщын

Гъащтэ Аурикэ Абдул и пхъум - Къэрал статистикэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэм и унафэщІым и къуэдзэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм мэкъуауэгъуэм и 26-м
№96-УГ

Гъэпэжэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

Илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм къыбгъэдкІыу фІыщІэ хуэщІын **Чеченов Хьэсэн Хьусейн и къуэм**.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 2-м
№64-РГ

«2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ и щІыналъэ фондым и бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. «2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ и щІыналъэ фондым и бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр хъэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуегъэхьын Іэ щІидзын икІи хэІущІыІу ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2018 гъэм накъыгъэм и 24-м
№868-Г-П

2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ и щІыналъэ фондым и бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьищтащ 2018 гъэм накъыгъэм и 24-м

1 статья

2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ и щІыналъэ фондым (адэкІэ - Фондщ) и бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам теухуа отчётыр кьэщтэн, мы къыкІэлъыкІуэ бжыгъэ нэхъыщхьэхэр хэту:

1) Фондым и бюджетым и хэхъуэхэр псори сом мин 6888355,7-рэ, абыхэм ящыщу ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ федеральнэ фондым къиутІыпща бюджет зэхуаку трансфертхэр сом мин 6694417,9-рэ хъууэ;

2) Фондым и хэщІхэр псори зэхэту сом мин 6810227,0-рэ хъууэ;

3) Фондым и бюджетым къыхуэнэ хэхъуэр сом мин 78128,7-рэ хъууэ.

2 статья

2017 гъэм Фондым и бюджетыр зэрагъэзэщІар кьэщтэн мы къыкІэлъыкІуэхэм тету:

1) 2017 гъэм Фондым и бюджетым и хэхъуэхэр мы Законым и гуэдзэн №1-м зэритым хуэдэу;

2) 2017 гъэм Фондым и бюджетым и хэщІхэр разделхэм, раздел къуэдзэхэм, статья хэхаэм, хэщІхэм я лІэужьыгъуэхэм ятещІыхьауэ зэрызэхэлъыр мы Законым и гуэдзэн №2-м зэритым хуэдэу;

3) 2017 гъэм Фондым и бюджетым хуримыкъу ахъшэм и хэкІыпІэхэр мы Законым и гуэдзэн №3-м зэритым хуэдэу;

4) 2017 гъэм ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ федеральнэ фондым и бюджетым къыхэкІа бюджет зэхуаку трансфертхэр мы Законым и гуэдзэн №4-м зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм мэкъуауэгъуэм и 7-м
№15-РЗ

КъБР-м и Парламентым Промышленностымкіэ, транспортымкіэ, связымрэ гъуэгу Іуэхуэмкіэ и комитетым и зэІущІэм щытепсэлъыхьащ къалэ уэрамхэр машинэ гъэувыпІэхэмкІэ къыззрызэрагъэпэщ Іэмалхэм.

КОМИТЕТЫМ и унафэщІ **Гугу Владимир** жиІащ транспортыр здагъэувыпхьэ щыпІэхэр зэрымащІэм къыхэкІыу Налшык къалэр иІъэс куэд хьауэ гугъуехь зэрыхэтыр. Иужьрей илъэсхэр къапщтэмэ, автотранспортым и бжыгъэм куэдкІэ хэхъуащ. Псалъэм папщІэ, республикэм машинэ мин 280-м нэблагъэ итщ. Абы щыгъуэми уэрамхэмрэ гъуэгуэхэмрэ зегъэубгъунымрэ машинэ гъэувыпІэхэм хухах щыпІэхэм я бжыгъэм хэгъэхъуэнымрэ ехьэлІауэ кьалэхэм пэжыгъэ тэмэму щрагъэкІуэкІырхъуам.

- Транспортыр зэрызекІуэмрэ нэхъыбэрэ ахэр кьыщыуцыуІэн хуей хъу щыпІэхэмрэ гъэбелджылын, УФ-м адрей и щыналъэхэм машинэ гъэувыпІэхэр къызэрыщыззрагъэпэщ щыкІэм зыщыгъэгъуэзэн хуейуэ къызэлъытэ, - къыхигъэщащ Гугу Владимир.

Налшык къалэм и щыпІэ администрацэм ПсэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэмкіэ и управленэм и унафэщІым и къуэдзэ **Къардэн Мурат** зэрыжиІамкІэ, Іуэхущапіэхэм я нэхъыбэр уэхуэныгъэ куэд щызэхэт щыпІэхэм зэрыхуэзэм къыхэкІыу, муниципальнэ щІыр къагъэзэбэну машинэ гъэувыпІэхэр къызэрагъэпэщыну Іэмал ягъуэтырхьыкІ. ЩытыкІэр нэхъ гугъуэ ещІ фэтэр куэду зэхэт унэхэр зыухуэхэм пщІантІэ кІуэцІым автомобиль гъэувыпІэхэр щащыну хабзэм хуит зэримыщІым.

Къэпсэлъам жиІащ унэ лъабжьэхэм машинэ гъэувыпІэхэр хэту яухуэныр зэрыфІэкъабылыр. Налшык къалэ округым машинэхэр щагъэув щыпІэхэр къызыщызэрагъэпэщ унэхэр зейхэм я мылъкуКІи.

И Іуэху еплъыкІэр къиГъэлъэгъащ КъБР-м щыІэ МВД-м и УГИБДД-м и кьудамэм и унафэщІ, полицэм и подполковник **Къардэн Анзор**.

Зэпсэлъам хэтхэм къыхаГъэщащ машинэ гъэувыпІэхэр зэрымащІэр гъэзэгу шынагъуэншагъэм, уэрамхэр зыгъэкъабзэ, цІыхухэр къезышкІ транспортым, медицинэ, мафІэсыр гъэункІыфІынымкІэ машинэхэм зэран зэрахъуэхьур.

Депутатхэм ягъэбелджылащ зытепсэлъыхьа Іуэхуэхэр зи пщэрылъхэм ящІапхъэр.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущапіэ.

Машинэ гъэувыпІэхэр зэрымащІэм пыщІа гугъуехьхэр

● КъБР-м и Парламентым

Мэкъуауэгъуэм и 30-м Анкара (Тырку) пэгъунэгъу Нарткъалэ адыгэ жылэм Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Хасащхьэм хэтхэм я зи чэзу зэІущІэр щекІуэкІащ. Абы хэтащ Тыркум, Сирием, Иорданием, Израилым, Европэм хыхьэ къэралхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм, Краснодар, Ставрополь крайхэм щылажьэ Адыгэ Хасэхэм я лІыкІуэхэр.

Бзэм нэхъ тегъэщІауэ

● Тыркум кынкІ хъыбар

ЗЭХЫХЬЭМ ипэ кьихуэу Хасащхьэм хэтхэр щыІащ Тырку Республикэм и къызэгъэпэщакІуэ, абы и ипэ президент Ататюрк и мавзолейм икІи протоколым тету, КАФФЕД-м и тхьмадэ Хьэгъундокъуэ Яшаррэ ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутийрэ уДз гъэгъа Іэрамэр тралъхьащ Ататюрк и къащхьэм, итІанэ мавзолейм зыщапІтыхьащ.

ЗэлъущІэм Іэзэуи 10-м щІигъум щыхэпльащ. Абыхэм ящыщщ адыгэбзэм зегъэужьыныкІэ кІэлъыплъакІуэ гуп зэхэшэныр, абы и лъэныкъуэкІэ щыІэ Іуэхугъуэ зэхэмыбзэхэр къызэнэкІыныр, Щам дэс адыгэхэм я Іуэхур зытетымрэ хэкужьым къэзыгъэзэжахэр абы зэриздзэжьымрэ. КАФФЕД-м и лэжьыгъэр зэрекІуэкІым теухуауэ къэпсэльащ Хьэгъундокъуэ Яшар. Апхуэдэу зэІущІэм хэтхэр тепсэлъыхьащ хамэщІ щыпсэу адыгэ щІалэгъуалэр Урысейм ит еджапІэ нэхъыщхьэхэм зэрыщеджэнум, Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм щыІэ зыгъэпсэхупІэхэм хамэ къэрал щыщ адыгэ сабийхэр къызэрешэлІапхъэм, ДАХ-м и XII Конгрессыр къызэгъэпэщыным, нэгъуэщІхэмэ.

Тыркум щылажьэ Кавказ Хасэхэм я федерацэр (КАФФЕД) къызэзыгъэпэщахэм яхэта, илъэс куэдкІэ абы и тхьэмадзу лэжьа, хэхэс адыгэхэм я Іуэху дзгъэкІыным, хамэхэм яхэмыкІуэдэжьым зи гъащІэ псор тезыхуа Хьэткъуэ (Ары) Асльэн и унагъуэ ихьащ Сэхъурокъуэ Хьэутийрэ Хьэгъундокъуэ Яшаррэ. НэхъыжьыфІым хуэзэфІэкІам папщІэ пщІэ хуащІу ДАХ-м и ЩІыхь тхьилъыпэ дамыгъэ нэхъыщхьэмрэ иратащ.

ЗэлъущІэр зэрекІуэкІам теухуа тхыгъэ ди газетым и кьыдэкІыгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 3, *гъубж*

♦**ГИБДД-м (ГАИ-м) и лэжьакІуэхэм я махуэщ.** ЩІыхьэ комиссархэм я советым ищІа унафэм ипкъ иткІэ 1936 гъэм къызэрагъэпэщащ ГАИ-р.

♦**Алтай Республикэр къыщыззрагъэпэща махуэщ.**

♦ **Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтныныгъэм и махуэщ**

♦**Беларусь Республикэм и щхьэхуитныныгъэм и махуэщ**

♦**1700 гъэм** Константинополь щыпсэуащІыІа мамырыгъэ зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ, Іуэвэ (Азов), и Іэгъуэблагъэхэри (Таганрог, Павловск, Миус) щыгъуу, Урысейм и щІыналъэ хъуащ.

♦**1841 гъэм** инджылыз астроном Адамс Джон хэІущІыІу ищІащ Нептун планетэр къызэригуэтар.

♦**1885 гъэм** Бенц Карл къигупсыса автомобиль игъэунэхуащ, абы и зэфІэкІыр зыхуэдэри цІыхухэм яригъэлъэгъуащ. Иджы ар дуней псом щыщІэрыІуэ Мерседес-Бенц автомобиль лъэщырц.

♦**1916 гъэм** Лондон щыщэхэтащ «Титаник» къуэхьыр щІыщІилъэфам и щхьэусыгъуэр щыззахъэгъэкІ судыр.

♦**1928 гъэм** дунейм щыяпэу США-м ящэу щыщІадзащ япэ телевизорэхэр. Зым доллар 75-рэ и уасэт.

♦**1941 гъэм** Сталин Иосиф совет цІыхубэм радиокІэ захуигъэзащ, Хэкур хуэмэжьыным къыхузэщІэтэджэнхэу къыхуриджэу.

♦**1944 гъэм** Минск къалэр нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакІуэхэм къыщІэгъэкІыжащ.

♦**1957 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УказкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Ленин орденыр етІуанэу къыхуагъэфэщащ.

♦**1991 гъэм** РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм унафэ кьищтащ Адыгей, Къэрэшей-Шэрджэс, Горно-Алтай, Хакассие автономнэ областхэр Адыгэ Республикэ, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэ, Алтай Республикэ, Хакасие Республикэ жиІэу зэхъуэкІыным теухуауэ.

♦**1996 гъэм** Ельцин Борис УФ-м и Президент къулыкъум етІуанэ пІалъэм теты-ну хахьжащ.

♦США-м щыщ актёр, режиссёр, продюсер икІи сценарист **Круз Том** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

♦Актёр, УФ-м и цІыхубэ артист **Серебряков Алексей** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

Бадзэуэгъуэм и 4, *бэрэжьей*

♦**США-м и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - я щхьэхуитныныгъэм и махуэщ.** 1776 гъэм Іэ традзащ США-р зыми и унафэ зэрыщІэмытыр щІэзыгъэбыдэ Декларацэм.

♦**Латвием журтхэм цІыхугъэншагъэ щыкІэлъыззрахьам хэкІуэдахэм я фэеплъ махуэщ.** 1941 гъэм бадзэуэгъуэм и 4-м Ригэ нэмыцэхэм щагъэсащ журтхэм я тхьэлъэІупІэхэр, абы екІуэлІахэри зэрыщІэсу.

♦**Югославием щагъэлъапІэ я щхьэхуитныныгъэм щІэбэнахэм я махуэр**

♦**1848 гъэм** Маркс Карлрэ Энгельс Фридрихрэ я «Коммунист партым и манифест» лэжьыгъэр къыдэкІащ.

♦**1946 гъэм** Кёнигсберг къалэм и цІэр Калининград жиІэу зэрахъуэкІащ.

♦**1950 гъэм** «Европэ щхьэхуит» радиостанцым лэжьэн щІидзащ.

♦**1957 гъэм** цІыху къызэрыпашхІ «Ил-18» къхъулъатэ лІэужьыгъуэр ящэу уэгум ихьащ.

♦**1991 гъэм** УФ-м къыщащтащ Арбитраж судым теухуа законыр.

♦**2004 гъэм** Алыджым и тхыдэм щыяпэу а къэралым и футболистхэр Европэм и чемпион хъуащ.

♦**2007 гъэм** Дунейпсо Олимп комитетым Гватемалэм щригъэкІуэкІа 119-нэ сессием унафэ къыщащтащ 2014 гъэм щІымахуэ Олимп джэгуэхэр Сочэ щегъэкІуэкІыным теухуауэ.

♦Убыхэм я дзэпщ цІэрыІуэу щыта, Кавказ зауэм и лІыхъужь **Бэрзэдж Дэгумыкъуэ Хьэжы-Исмэхьил** къызэралъхурэ илъэс 252-рэ ирокъу.

♦Британием щыщ геодезист, Индием и щІыналъэм и топографие суэрэтыр зыщІа, Джомолунгмэ бгым и лъагагъыр ящэу къызыхута **Эверест Джордж** къызэралъхурэ илъэс 228-рэ ирокъу. Дунейм и къурш нэхъ лъагэ дыдэм абы и цІэр щыфІащэри а лэжьыгъэшхэрэщ.

♦Италием щыщ актрисэ цІарыІуэ **Лоллоджиджиз Джинэ** и ныбжьыр илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Совет Союзым и ЛІыхъужь **Къэбардэ Къэбардей-Шэрджэс, Горно-Алтай, Хакассие автономнэ областхэр Адыгэ Республикэ, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэ, Алтай Республикэ, Хакасие Республикэ жиІэу зэхъуэкІыным теухуауэ.**

♦СССР-м и цІыхубэ артист **Мкртчян Фрунзик** (и цІэ дыдэр **Мгерщ**) къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Тележурналист **Жэман Мадинэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Дунейм бэнэкІэ хуитыкІэ и чемпион **Бажэ Заудин** и ныбжьыр илъэс 43-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 20 - 21-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Кенжин Мухамед Мусэ и ныбжьыр илъэс 70-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 25-рэ, жэщым градус 18 - 19 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Биижь благъэ хъуркъым, благъэжь бий хъуркъым.

«Адыгэ псалъэ» газетыр къезыгъэхьэн гу зылъатапхъэ



Щхьэусыгъуэ пыухыкІахэм къыхэкІыу 2018 гъэр къызэрихьэрэ «КъБР-Медиа» къэрал кІэзонэ Іуэхущапіэм «Адыгэ псалъэ» газетыр тхьэмахуэ зэхуакум щэ фІэкІа къыдигъэкІыжыркъым.

Абы къыхэкІыу газетыр зыхуэкІуэкІам къыдэмыкІа номерхэм ятехуэ уасэр пощт Іуэхущапіэм къыщыІахьыж хъунущ. Абы папщІэ дэтхэнэми газетым Іэ зэрытридзамкІэ абонементыр иныгъын хуейщ.

Фыз эрыщэблэдгъэуам папщІэ къытхуэвгъэгъуну дыныволъэІу.

«Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм и ныбжьыр илъэс 25-рэ ирокъу. Ди газетым и редакцэм ящыщ зым ныбжьыр илъэс 25-рэ ирокъу.

● Политикэ партхэм

Захуагъэ щыIэн папщIэ

НаIуэу зэрыщытщи, УФ-м и Правительствэм къэралым и цIыхухэр пенсэ ныбжьым щагъакIуэ илъэс бжыгъэм хэгъэхъуэным теухуауэ Къэрал Думэм къыщыхилъхьа хабзэгъэув проектым псалъэмакъышхуэ къикIащ. АбыкIэ мыарэзыуэ псом япэу къэувахэм ящыщщ «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» партыр. А политикэ зэгухьэныгъэм ишхъэрэ палатэм щиIэ фракцэм и унафэщI Миронов Сергей езым и лэжьагъуэхэр и гъусэу страховой пенсэ хабзэм теухуа хабзэгъэув проект Къэрал Думэм къыщыхилъхьащ.

ДЭФТЭРЫМ къегъэув коэффициентхэмрэ баллхэмрэ щамыгъэIэжыну, я пенсэхэм хагъэхъуэн папщIэ, лэжьакIуэхэм я улахуэм ахьшэ зэрыхагъэкI щыкIэр зэрахъуэкIыну, пенсэ ныбжьыр къаIэтыну хуит ямыщIыну. Зи гугъу тщIы политикэ зэгухьэныгъэм хэт депутатхэм трагъэчыныхь езыхэм я жэрдэмхэм Къэрал Думэм икIэщIыпIэкIэ щытепсэлъыхьыну.

Партыр мы Iэхухэм зэрыбгъэдыхьэм, абы кьиГъэувхэм щэбэт кIуам щытепсэлъыхьащ «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» партым и республикэ къудамэм и хэщапIэм щекIуэкIа зэлущIэм. А политикэ зэгухьэныгъэм КъБР-м и Парламентым щиIэ фракцэм и тхьэмадэ Кебеков Владимир кьыззхуэсахэм ягуригъэIуащ къыхалъхьа жэрдэмым и купщIэр.

- Ар хуэгъэзащ гурыIуэгъуэу зэхэгъэува икIи захуагъэ зыхэлъ пенсэ хабзэ хэрэлаум щыгъэувыным, - жиIащ политикым. - Дэ къыхыдолъхьэ баллхэмрэ коэффициентхэмрэ егъэщIилауэ Правительствэм я IэнатIэм щекIуэкIа зэлуми, Къэрал Думэм и тхьэмадэ Кебеков Владимир кьыззхуэсахэм ягуригъIуащ къыхалъхьа жэрдэмым и купщIэр.

- Ар хуэгъэзащ гурыIуэгъуэу зэхэгъэува икIи захуагъэ зыхэлъ пенсэ хабзэ хэрэлаум щыгъэувыным, - жиIащ политикым. - Дэ къыхыдолъхьэ баллхэмрэ коэффициентхэмрэ егъэщIилауэ Правительствэм я IэнатIэм щекIуэкIа зэлуми, Къэрал Думэм и тхьэмадэ Кебеков Владимир кьыззхуэсахэм ягуригъIуащ къыхалъхьа жэрдэмым и купщIэр.

Сыт пенсэхэм Iэмал имыIэу яхуэгъэтIылъэн щIыхуейр. Ар дэтхэнэми езыр зэрыфIэфIым тещIыхьауэ щытын хуейщ - хуэзэфIэкIмэ, зэрегулакIуэщ.

Кебеков Владимир нэгъуэщI Iэхухэми тепсэлъыхьащ. «Хьэлэмэтщ, ауэ Iэщагъэлъым и улахуэр нэхъ иныхукIэ, ар зыгъэлажьэм налогыу хухилъхьэр нэхъ мащIэщ. Ар хабзэ мыхъумыщIэщ. Абы кьыпыкIмэ, Урысейм и Пенсэ фондым и бюджетым зы илъэсым кьриубыдэу сом мелард 600-м нэблагъэ къыхэхъуэнущ. Ар а фондыр зыхущыщIэм нэхърэ хуэдиткIэ нэхъыбэщ. ЩIэуфаеу ягъэлажьэхэм ехьэлIа Iуэху мыхъумыщIэхэри сэтей къэщIыпхъэщ. Апхуэдэ цIыхухэм я улахуэхэм къапэкIуэ налогыр къэралым Iэрыхьэркъым. Абы зэгуэр кIэ етыпхъэщ.

Кебеков Владимир кьыззхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ, «Захуагъэ здэщыIэ Урысейм» зэкигъэува и проектыр Къэрал Думэм кьыззрыщыхилъхьам и мызакъуэу, а партым и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым Пенсэ фондым щыщыIэ гугъуехьэр кьызэнэкIыным хуэгъэза и Iуэху бгъэдыхьэкIэхэр кьызыхэщ дэфтэр щхьэхуи кьыззрищтам. Абы Iупщ1у кьыщыгъэлъэгъуащ пенсэ ныбжьым хэгъэхъуэныр зи гугъу тщIы политикэ зэгухьэныгъэм щIамыдэ щхьэусыгъуэхэр икIи Къэрал Думэм и депутатхэр кьыхуриджащ Министрхэм я Кабинетым и хабзэгъэув проектыр дамыIыгъыну.

Правительствэм и жэрдэмхэр, наIуэу зэрыщытщи, Федерацэм и щIыналъэхэм хуагъэхьынущ икIи щIыпIэ депутатхэм зы мазэм кьриубыдэу кьагъэнэIуэн хуейщ абы зэреплъыр.

«Захуагъэ здэщыIэ Урысейм» Къэрал Думэр кьыхуреджэ хабзэгъэув проектыр дамыIыгъыну. Сытым кьыхэкIыу? Япэрауэ, а жэрдэмыр езэгъыркъым Урысей Федерацэм и Конституцэм, цIыхухэм я псэукIэр зэIызыгъэхьэ е я хуитыныгъэхэр кьыззпызыуд хабзэхэр кьащтэну хуит зымыщIым.

ЕтIуанэрауэ, пенсэ ныбжьым нэблагъэ цIыху куэдым ноби лэжьапIэ ягуэятыжьыркъым. А Iуэхур нэхъри нэхъыкIэж ищIынкIэ хъунущ Правительствэм кьыщыхалъхьам. Ещанэрауэ, узыншагъэр хьумэным и Iэнатым щыщIэ щытыкIэр зыхуэдэр кьэтпльытэмэ, цIыху куэд пенсэ ныбжьым нэмысу малIэ. ХабзэщIэм дыхуэкIуэмэ, абыхэм я бжыгъэр нэхъыбэж хьунущ. Еплъанэрауэ, кьэралым пенсэ итын щхьэкIэ иджыпстуи ахъшэ иIэщ. Къэдгъэлъагъуэмэ, мы гъэм и закъуэ бюджетым планым и лейуэ кьалэрыхьа хэхъуэр сом триллион 1,8-м щIегъу, илъэсым и кIэухым а бжыгъэр сом триллиони 2,8-м нэблэгъэнущ.

Мис апхуэдэ псалъэмакъ щхьэпэ щекIуэкIащ «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» партым КъБР-м щиIэ и куэдамэм и хэщапIэм.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Сабий 500-м нэблагъэ хэту

● Гимнастикэ

«Динамо» физкультурэ-спорт зэгухьэныгъэр илъэс 95-рэ щрикъуамрэ Урысейм и махуэмрэ ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкIащ художественнэ гимнастикэмкIэ чемпионат зэIухарэ «Динамо»-м и зэхьэзэхуэрэ. Мыпхуэдэ зэпеуэхэр илъэс епщIанэ хъуауэ ирагъэкIуэкI.

НЭХЪАПЭМ къэмыхъуауэ, Налшык дэт Универсальнэ спорт комплексым спортсмен хъыджэбз цыкIу куэд щызэхуэсат. Щхьэзакъуэ зэпеуэхэм хэтащ гимнаст 300-м щIигъу. Псори зэгъусэу чемпионатымрэ зэхьэзэхуэмрэ кърихьэлIащ Ипщэ, Ищхъэрэ федеральнэ щыналъэхэм, Осетие Ипщэм хыхьэ кьалэ 17-м кьикIа спортсмен 500-м нэблагъэ.

«Художественнэ гимнастикэр спорт лIэужыгъуэ нэхъ дахэ дыдэхэм ящыщ зыщ. Ар гъуаздж пэлъытэщ. Алэрыбгъум щынэхъапэр къарум, Iэрыхуагъым, бэшэчагъым я закъуэкъым. Куэд елъытащ ритмыр зыхэщIэным, Iэпкльэпкъым и лантIагъым. Спортсменуи артистуи ущытыныр, шэч хэмылъу, тынш къым. Мис а псом кьыхэкIыщ мы спорт лIэужьыгъуэр фIыуэ щIальэгъури щIафIэгъэщIэгъуэнри», - кьыхигъэщащ зэхьэзэхуэр кьыщызэIуахым КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ.

Илъэс куэд щIауэ мыпхуэдэ зэхьэхьэхэр мэкъуауэгъуэм ирихьэлIэу ирагъэкIуэкI, гъэ ешагъэ блэкIар кьапщытэж щыкIэу. КъищынэмыщIауэ, абы хэтхэм ягъэзэщIэну Iэмал яIэщ разряд лIэужьыгъуэхэм, спортым и мастерым и кандидатым я мардэхэр.

Юбилей чемпионатымрэ «Динамо»-м и зэхьэзэхуэмрэ я ныбжь елъытауэ гуэшауэ щыта гуп 11-м нэхъыфIхэр кьыщапщытащ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● ЗэIущIэхэр

ТекIуахэр ягъэгушхуэ

КъБР-м щыIэ МВД-м щекIуэкIащ министерствэм дэлажьэ Жылагъуэ советым дыззрыт илъэсым и япэ мазихым и лэжьыгъэм кьрикIуахэм щыхэплъэжа зэIущIэ.

ЗЭIУЩIЭР Iуэху гуапэкIэ кьыщIадзащ. Къэрал кIуэцI Iэхухэмкlэ министр, полицэм и генерал-лейтенант Ромашкин Игорь «Полицейский Дядя Стёпа» урысейпсо зэпеуэм и республикэ Iыхьэм щытекIуахэм яритащ щыхь тхьилъхэмрэ саугъэтхэмрэ.

- Сыт щыгъуи гъэщIэгъуэнщ сабийхэм я творческэ лэжьыгъэхэм зыщыбгъэгъуэзэныр, абыхэм я нэхэмкIэ узэпльыжыныр. «Фыпсэу» вжызоIэ фи Iэдакъэщ1экI телыджэхэм папщIэ, - жиIащ министрым.

Жылагъуэ советым и тхьэмадэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист Балъкъыз Валерэ тепсэлъыхьащ 2018 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ирагъэкIуэкIа Iуэхухэм, кьыззхуэсахэм гу лъаригъэтащ гъэмахуэ зыгъэпсэхуГуэм ныбжьыщIэхэм ядэлэжьэныр кьызэрызэрагъэпэщым.

Апхуэдэуи зэIущIэм щытепсэлъыхьащ мы Жылагъуэ советым кьыщызэрагъэпэща комиссэхэм я лэжьыгъэм.

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Гу зылъытапхъэ

Зэпеуэ къыхалъхьэ

ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ (Шэрджэс) Академие жылагъуэ зэгухьэныгъэм хьыбар фегъащIэ ЩIДАА-м 2018 гъэм хагъэхьэнухэм я зэпеуэ я кьыззрыкалъхьэмкIэ.

ЩIДАА-м хагъэхьэнущ:

Математикэ щIэныгъэхэмрэ нано-хъыбарегъащIэ технологиехэмкIэ и къудамэм - *действительнэ члену - 1, член-корреспонденту - 1.*

Физикэ щIэныгъэхэмкIэ и къудамэм - *действительнэ члену - 1, член-корреспонденту - 1.*

ЭнергетикэмкIэ, машинэхэр ухуэнымкIэ, механикэмкIэ, управленэмкIэ и къудамэм - *действительнэ члену - 1, член-корреспонденту - 1.*

Медико-биологие щIэныгъэхэмкIэ и къудамэм - *действительнэ члену - 1, член-корреспонденту - 1*

Щ1ым ехьэлIа щIэныгъэхэмкIэ и къудамэм - *действительнэ члену - 1, член-корреспонденту - 1.*

Жылагъуэ щIэныгъэхэмкIэ и къудамэм - *действительнэ члену - 1, член-корреспонденту - 1.*

Тхыдэ-филологие щIэныгъэхэмкIэ и къудамэм - *действительнэ члену - 2, член-корреспонденту - 2.*

ФизкультурэмкIэ, биомеханикэмкIэ, цIыхум и Iэпкльэпкъым и лъэкIыныгъэхэм ехьэлIа къудамэм - *действительнэ члену - 1, член-корреспонденту - 1.*

Хьыхьэну гукъыдэж зиIэхэм фи документхэр бадзэуэгъуэм и 30 пщIондэ евгъэхь хъунущ мы хэщапIэм: КъБР, Налшык къалэ, Шортэным и цIэр зезыхьэ уэрам, 89-а.

Телефоныр: (8662), 42-64-46, 89963307936

● Япэ итахэр

Хэкупсэу зи гъащIэр зыхьа ЛIуп Хьэжы

Дэтхэнэ жылэми иIэщ зэрыгушхуэ, зэрыпагэ цIыхухэр. Абыхэм жылагъуэм щалэ пщIэмрэ нэмысымрэ къыззрахьар я къарурэ зэфIэкIэрэ щымысхьу лъэпкъым, хэкум зэрахуэлэжьаращ, я дуней тетыкIэмрэ Iуэху зехьэкIэмкIэ куэдым я щапхъэу зэрыщытаращ. Щхьэлыкъуэдэсхэм апхуэдэу куэдрэ фIыкIэ ягу къагъэкIыжхэм ящыщщ ЛIуп Хьэжы Лэкъумэн и къуэр. Ар псэуащ ди къэралым, щалъхуа щыналъэм я ехьулIэныгъэмрэ зыужьыныгъэмрэ дапщэщи игъэнэхъапэу.

ЛIУП ХЬЭЖЫ Щхьэлыкъуэ къуажэм къыщалъхуащ 1915 гъэм и мэкъуаугъуэ мазэм. Абы и адэ Лэкъумэн щIэныгъэ зыбгъэдэлъу жылэм дэса цIыху зыбжанэм ящыщащ: хьэрыпыбзэр фIыуэ ищIэрт, тхэфырт, еджэфырт. КъурIэн лъапIэр джным зэрыщIыкIурэ гу хуэзыщIа и къуэ Хьэжы адэкIи абы нэхъ кууэ хуригъэджэну и мурадащ Лэкъумэн, арщхьэкIэ зэхъуэкIыныгъэм и лъэхъэнэм халъхуа сабийм кьыпэплъэр нэгъуэщIт. 1917 гъэм екIуэкIа Жэпуэгъуэ Революцэ Инымрэ абы кьыкIэтыкIуа граждан зауэмрэ кьанэ щымыIэу яхъуэжат ди къэралым щызекIуэу щыта социально-политикэ ухуэныгъэр. Хьэжыи и къэхъугъуэм зрихьэлIар мыхьэнэщхъу зиIа а зэхъуэкIыныгъэхэм кьапкърыкIа Iуэхугъуэфlхэращ: щIэныгъэм и нэхум цIыхубэр хэшэным, мэкъумэшщIэхэр колхозу зэгухьэным, комсомол зэщIэхъеенныгъэм зиужьным, газетыщIэхэр кьыдэкIыным, япэ щколхэр кьызэIухыным. А псомии жыджэру хэтахэм ящыщщ Лэкъумэн и щIалэ жаныр.

Жылэм дэт илъэсибл школыр кьиуха нэужь, Хьэжы еджэным щыпищащ Псыхуабэ кооперацэмкIэ дэт техникумым. КъыкIэлъыкIуэу абы и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Ленин еджапIэ кьалэ цIыкIум (ЛУГ). Зыпэрыхьэ дэтхэнэ Iуэхури и кIэм нигъэсу, ехьулIэныгъэкIэ зэфIихыу ягъэса щIалэщIэр щIэныгъэ зэгъэгъуэтынми ерыщу яужь ихьащ икIи фIы дыдэу кьиухащ зыщIэса еджапIэхэр. Бухгалтер Iэщагъэр зригъэгъуэтри, ЛIупым лэжьэн щыщIидзащ Щхьэлыкъуэ щыщэхэта «Красный Восток» колхозым. Дэхьхь кьыхуащIа Iэнатlэр жэуаплныгъэ пылъу езыхьэкI комсомолец щIалэщIэм хэлъ жыджэрагъым гу лъамытуэ кьэнакъым. Абы и лэжьэкIэр щапхъэу ягъэлъагъуэуи хуежьащ. Колхозым щызэхэт парт зэгухьэныгъэм и жэрдэмкIэ Хьэжы хагъэхьащ КПСС-м, куэд дэмыкIыуи абы и секретару хахащ.

Совет цIыхубэм я мамыр гъащIэр кьыззтрикъутащ 1941 гъэм кьэхъея Хэку зауэшхуэм. Щхьэлыкъуэдэс куэдым хуэдэу, ЛIуп Хьэжыи фронтым кIуащ, щалъхуа и хэкур бийм щихъымэну. Ар щызэуащ 275-нэ фочауэ дивизэм, тIасхъэщIэх ротэм и политрук кьалэныр игъэзащIэу. Кавказ Ищхъэрэм хьихэ щIыналъэхэм щекIуэкIа зэзауэ гуащIэхэм хэту, Хьэжы уIэгъэ хьэпэ хуащ икIи зэман кIыхькIэ уIэгъэщIым щIэлъащ. Иужькlэ ар фронтым и щIыбагъ кьагъэкIуэжащ, и узыншагъэм игъуэта сэкъатым кьыхэкIыу. Щалъхуа щыналъэм къэкIуэжа щалэм и бгъэгум щылыдырт «Кавказыр зэрахъумам папщIэ», «Хахуагъэм папщIэ» медалхэр. Иужькlэ абы кьратащ «Германием дызэрытекIуам папщIэ», «Хэку зауэшхуэ» орденым и 1-нэ напарт школыр кьиуха нэужьи. Щыхубэ хозяйствэр зэфIэгъэувэжынымкIэ мыхьэнэшхуэ яIащ Щхьэлыкъуэ дэта чырбыш-кхъуэщым заводым къыщIигъэкI ухуэныгъэ пкъыгъуэхэм. ЛIупыр илъэс бжыгъэкIэ лэжьащ абы и унафэщIу, зэрихабзэу, дзыхь кьыхуащIа Iэнатlэр кьызыхуэтынщэу ирихьэкIыу. Лэжьыгъэ кьалэнхэр екIуу зэрызэфIихым кьыдэкIуэу, ар зэхэщIыкI куу, цIыхугъэ лъагэ зыхэлъу бэм яхэтыфхэм ящыщт.

Хэкупсэ нэсым хэлъа хьэл-щэныфI куэд нэрылъагъу дыдэ хъущ ар Щхьэлыкъуэ кьуажэ советым и тхьэмадэу щылэжьа илъэсхэмри. Хьэжы лэжьыгъэм и пIалъэ фIыуэ зыщIэ унафэщI ткIийт, жэуаплныгъэр зыхэзыщIэ кьызэгъэпэщакIуэ Iэкlуэлъакlуэт. Къуажэдэс нэхъыжьхэм ноби ящIэж лIэщIыгъуэ блэкIам и 70 гъэхэм Щхьэлыкъуэ жылэм зыужьыныгъэ ин игъуэтауэ зэрыщытар. Абы дащIыхьат школыщIэ, Iуэхугъуэфl куэд зэфIагъэкIат цIыхухэр псыкIэ, газкIэ кьызэгъэпэщын я лъэныкъуэкIэ.

И ныбжьыр нэсу пенсэ тIысыжа нэужьи, ЛIупыр жыджэру хэтащ жылэм, районым, республикэм щекIуэкI жылагъуэ-политикэ лэжьыгъэхэм. Ар ящыщащ ныбжьыщIэхэм хэкупсэ гъэсэныгъэ ядэзыгъэкIуэкI нэхъыжьхфIхэм.

Хэкум, цIыхухэм папщIэ псэуа, щIыналъэм и ехьулIэныгъэм зи гъащIэр хуэзыгъэпса ЛIуп Хьэжы Лэкъумэн и къуэм хуэдэхэм я гъащIэр щапхъэщ кьытщIэхъуэ щIэблэмкIэ. Хьэжы и фэеплъыр сакъуу яхъумэ и бынхэм, абыхэм къащIэхъуа щIэблэхэм. Апхуэдэхэм яхуэфащэщ я цIэхэр уэрамхэм, Iуэхущ1апIэхэм зэрахьэну, дуней тетыкIэу яIамрэ Iуэху зехьэкIэу ябгъэдэлъамрэ яIа пщIэм, я фэеплъ нэхум я нэщэнэу.

КъАРДЭН Маритэ.
Щхьэлыкъуэ къуажэ.

Къэралым къулыкъу хуэщIэным хуагъэхьэзыр

Шэджэм муниципальнэ щыналъэм и щIыпIэ администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ КIарэ Элинэ хъыбар къыззрыдигъэщIамкIэ, щIэныгъэ щрагъэгъуэту щIыпIэм ит Iуэхущ1апIэхэм махуитхукIэ щекIуэкIащ школакIуэхэр къэралым къулыкъу хуэщIэным хуэзыгъаз зэхьыхьэхэр, егъэджэныгъэхэр.

ШЭДЖЭМ щыналъэм и Дзэ комиссариатымрэ щIэныгъэмкIэ управленэмрэ къыззрагъэпэщауэ екIуэкIа зэхьыхьэм мурад нэхъыщхьэу иIар УФ-м Iэщджкlэ ЗэщIэуэздэ и Къарухэм я щытыкIэм щIалэхэр щагъэгъуэзэныщ, хэкупсэу гъэсэныщ, кьулыкъу щIэным щымышIэну къэгъэтэджэныщ. Къыхэгъэщащхъэщ класс нэхъыжьхэм щIэс цIыкIухэм я Iэпкльэпкъыщ зэрыубыдыныжмкI мы Iуэхум сэбэпынагъ зэрыпылъыр икIи жыджэру, яфIэгъэщIэгъэну абы зэрыхэтар.

Къулыкъу зэрырахьэкIыну хабзэхэм, мардэхэм, гупым хэту лэжьэфу, ныбжьэгъугъэ, зэдзIэпыкъуныгъэ яку дэлъу щытын зэрыхуейм щыгъуазэ хуащIа нэужь, цIыкIухэм ирагъэльэгъуащ хьэ гъэсасэм ягъэзащIэ кьалэнхэр зыхуэдэр. Нэхъыбэу цIыкIухэр дзэныхэхар акробатикэм и пкъыгъуэхэр хэту зауэлIхэм зыкъызэрагъэльэгъуарц.

Егъэджэныгъэр зэфIэкIа нэужь школакIуэхэм Урысейм и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и мэшвем зыщапльыхьащ, шынагъэншагъэр кьызэгъэпэщыным епха Iэнатlэхэм я лэжьыгъэр кьызыхэщ фильми ирагъэплъащ.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

Фырэ-Къаныкъуэ Анфисэ

Хьэтхэр

Тхыдэ роман

(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр №№68, 69, 72 - 75, 78, 79-хэм итщ).

ИугъащIэ Зиусхьэным!

ТIэшуб и жэщгъуэлъхэр къриджауэ, хэт жызум къыжьэдилъхьэу, хэт къедэхащIэу, хэти санэплъ къыхуригъахъуэу зэхэст, дунеижьым къыщыхъур къафIэмыIуэхуу. Зэнзей пщыр илъагъуну къыщыщIыхьэм кърикгубжьащ абы:

- ФыщIэкIыт зэрыщыту! - жиIэри, бжэблыпкъым къиуващ.

ЦIыхубзхэр абы хуеплъэкIырт пыгуфIыкIыу, щIэнакIэу.

- ФыщIэкI, жысIакъэ?! - Зэнзей и макъым зыщригъэIэтым, ТIэшуб и щхьэр ищIащ, «фыкIуэ» жыхуиIэу.

- ТIэшуб...

- Зэнзей! Сэ си деж щIэс цIыхубзхэр щIэпхужыну апхуэдэ хуитыныгъэ уиIэ уэ? Пхуэфащэри пхуэмыфащэри зэгъэщIэж!

- Зиусхьэн, тажнанэм щIалэ къэплъхуркъым жеIэри, сызэрехуэ, уэ мы куэпэчхэм ящIыгъуу махуэ псом зыбогъэпсэху. Жэщым укъызэджэххэркъым. Уэзгупсысыр къысхуэщIэркъым, - зыкъызэщIищIащ Зэнзей.

- Сэ сызыхуейр сыщыхуей дыдэм деж къызоджэ. Уэ уи Iуэху хэлъкъым абы, - шордакъым илъэдащ ТIэшуб.

- ТIэшуб, сыт апхуэдэу укъыщIысхущытыр? Сэ уэ сурищхьэгъусэщ, уи гуфIэгъуи гуауи бдэзгуэшыну си къалэнщ. Уэ укъызэпсалъэркъым, уи щхьэм илъи, уи гум щыщIи сыщыгъуазэкъым. Сэ укъысхуэмеймэ, сыкъызыхэкIа лъэпкъми ухуэмейуэ аращ.

- Уи лъэпкъыр къысхудумыгъэжей апхуэдизрэ! - кIиящ пащтыхьыр. - Памбэрэ къуэкIийуэдхэмрэ симыIэмэ, сыхэкIуэдэжыну къыпщыхъуу ара? Уи Iуэху хэлъкъым уэ а псом. Уфызмэ, уи фызыпIэ ис.

Зэнзей къыщиудащ. Дэтхэнэ пщыпхъуми хуэдэу, и адэм и Iуэху къызэрикIынум тещIыхьауэ лIы зэрыратынур ищIэу къэтэджат ар. ФIыуэ плъагъум зэи насып зэрыдумыгъуэтынур пщIэуэ упсэуну тыншкъым. Пщыпхъухэм зэрызахуапэмрэ зэрызагъэщIэращIэмрэ унэIутхэр къехъуапсэми, насып IуэхукIэ зыри къефыгъуэртэкъым абыхэм. Псоми ящIэрт ахэр зэи зыхуейм зэрырамытыр. Зэнзеи арат къыщыщIар. Ауэ Памбэ и пхъум и Iуэхур нэхъ Iеижт - абы и лIыр акъмыкът, псантхуэуз иIэт, къуейнэрум кърихуэкIыу и гъащIэр ихьырт. А псори я бынхэм лъэужь яхуэхъункIэ Зэнзей шынэрт.

Абы хэту бжэр зэIуидзри къыщIэлъэдащ Шэтэнду, и нэ удзыфитIыр къижу:

- ТIэшуб! ТIэшуб, си къуэ закъуэ!

- Мы цIыхубзхэм нобэ къащыщIар сыту пIэрэ?! Сыт къэхъуар, ди анэ? - хуеплъэкIащ абы пщыр.

- ПсынщIэу. Хьэтусилэ дзэшхуэм и пашэу къалащхьэм къэблэгъауэ жаIэ.

- Сыт жыпIэр? - и нитIыр къыщихуащ ТIэшуб.

Зэнзей гужьеяуэ зиплъыхьырт, и Iэр и бгъэм телъу, ищIэнур къыгурымыIуэу.

- КъухьэпIэмкIи къуэкIыпIэмкIи щыIэ лъэпкъхэр зэрыщыту къыгуэуващ. Iэмал гуэри диIэкъым. ИкIэщIыпIэкIэ зыщIыпIэ зыщыдмыгъэпщкIумэ, дигъэкIуэдынущ, - етIысэхащ тажнанэр. - Памбэ деж дынэсыфыну пIэрэ, Хьэтусилэ къэмыс щIыкIэ?!

- НэгъуэщI хэкIыпIэ диIэкъым, нэхъ псынщIэIуэу зызэщIэткъуэнщи, дыдэкIынщ. АдэкIэ зыгуэр къэдгупсысынщ, - къыхилъхьащ Зэнзей.

- Аращ тщIэнур. ИIэ, жэ, псынщIэу сабийр гъэхьэзыр. ТIэшуб! ТIэшуб, сызэхэпхрэ?! Ущымыт, - щIэкIиящ и къуэм тажнанэр.

Пащтыхьым зимыщIэжу и щхьэр сыст.

- ТIэшуб, зо. Си къуэ закъуэ, зыкъэщIэж, кхъыIэ. НакIуэ, - и нэпсыр къежэхырт Шэтэнду.

- Хьэуэ! Хьэуэ! СынэкIуэнукъым, - и щхьэр IитIкIэ фIиубыдыкIащ пщым. - СынэкIуэнукъым. Сэ сыпащтыхьщ. Хьэ щтам хуэдэу, си кIэ си бэкъу дэзупщIэу сыщIэпхъуэжынукъым. Дауэ мыхъуами, сыпщщ. Ди анэ, сошынэ. Сошынэ, ауэ сыщIэпхъуэжыфынукъым.

- Сыт иджы къэбгупсысхэр? Псори тIэщIэкIащ, пщыгъуэр тхуэIыгъакъым. ЗэфIэкIащ, ТIэшуб. Зэпытрэ зэкIэсу укIуэ зэрыщыту! - и Iэблэр иубыдауэ пащтыхьыр шордакъым иришыну хэтт Шэтэнду.

- Хьэуэ, ди анэ. Сыпежьэнущ Хьэтусилэ. Сыт хуейми къызырещIэ. Ауэ сэ абыхэм сышынауэ закъезгъэщIэнукъым, - жиIэри, ТIэшуб псынщIэу лэгъунэм къыщIэжащ. - ПсынщIэу зэщIэфщIэ шызакъуэгур!

Уардэунэм зауэлIрэ хъумакIуэу дэтыр пIащIэу къызэрагъэпэщри, Хьэтусилэ дзэр пежьащ, ТIэшуб и пашэу. Пэжщ, пащтыхьыр хуабжьу гузавэрт и гур и жьэмкIэ къыжьэдэпкIыжыным хуэдэу, и лъакъуэхэр кIэзызырти, ерагъыу зэфIэту арат. ИтIани, лIыгъэм зригъэхьри, и напэмрэ и щIыхьымрэ ихъумэжыну ежьат. Хьэтусилэ и дзэ къэувам гъунэгъу щыхуэхъум, ТIэшуб нэхъ Iеижу шынащ. ЗыпэщIэувахэр апхуэдизкIэ куэд хъурти, дзэкIэм уи нэр нэплъысыртэкъым. Мы дунеижьыр зауэлIхэм зэщIащтам хуэдэт. ТIэшуб и фэр гъуэжьыфэ къыщIэлъадэу пыкIырт. Пащтыхьым и Iэ ижьыр щиIэтым и гъусэхэр къызэтеувыIащ. Зы тэлайрэ щыта нэужь, ТIэшуб япэ ищащ, Хьэтусили и закъуэу абы къыпежьащ.

- Сыт, Хьэтусилэ, мы пщIэм къикIыр? - дыгъэ гуащIэм имыгъаплъэу и нэ лъэныкъуэр щIиукъуанцIэрэ, и щхьэр бгъунж ищIу щIэупщIащ ТIэшуб. Зэрыгузавэр къримыгъэщIэну зиIыгът абы.

- Сэ лей уэсхыну сыхуейкъым, ТIэшуб. Дауэ мыхъуами, упащтыхьщ, узикъуэш бынщ, си быным уриныбжьщ.

- АтIэ, дзэм урапашэу укъысхуеблэгъаи!

- Уэ уощIэ сэ сыкъызыкIэлъыкIуар...

- СщIэркъыми аракъэ. Сыщыгъэгъуазэт, - пыдыхьэшхыкIащ пащтыхьыр.

- Сэ псори сощIэ, ТIэшуб. МывэтIалэ сэрат пащтыхьыгъуэр къызыхуигъэнар. Зэанэзэкъуэм тхылъыр вгъэкIуэда щхьэкIэ, ар и нэкIэ зылъэгъуам къысхуиIуэтэжащ, - Iэдэбу псалъэрт Хьэтусилэ.

- Зи гугъу пщIыр къызгурыIуэркъым, - и щхьэр ищIащ ТIэшуб.

Хьэтусилэ къыщызэплъэкIым, зы шызакъуэгу дзэм къыхэкIри, пщитIым къахуиунэтIащ. Къэсмэ, Вындэшынэт. ТIэшуб мыпсэлъэжыфу, и жьэпкъыр пыкIэзызыхьурэ ундэрэщхъуэрт.

- Уэра?! Дэнэ укъикIыжа? - ерагъыу зэпищащ пщым.

- УкъэуIэбжьа хуэди, зиусхьэн. Сэращ, хьэдрыхэ сыкъокIыж, - щхьэщэ ещI Вындэшынэ, подыхьэшхыкI.

- Мис си щыхьэтыр, ТIэшуб. Иджыри зэ бжызоIэ, сэ псори сощIэ, - и нэщхъыр зэхэлъу жеIэ Хьэтусилэ.

- Уэ сыбукIыну ухуиткъым! Ухуиткъым Iэпэ къысхуэпхьыну. Сэ сыпащтыхьщ, - мэкIий ТIэшуб.

Техьэгъуэр къытекIуэу арат.

- Ухуиткъым! Жэуапым урашэлIэнущ.

- Уэ урашэлIэнукъэ? Сэри сыщыщщ пащтыхь унагъуэм, сэ пащтыхьщ сыкъэзылъхуар, пащтыхьым срикъуэшщ. Фэ фыхэтати сывукIыну.

- Сыт зи гугъу пщIыр? - и лъакъуэхэр щIэщIэрт пщым.

Гухъыринэм ису Шэтэнду къэсащ абы хэту. КIуэрыкIуэм тету, бжэр къыIуихщ, гухъыринэм къелъэри, и къуэр зэрыт шызакъуэгум анэр бгъэдэлъэдащ.

- Сыт зи гугъу пщIыр, зо, къызгурыIуэркъым? Хэт узукIыну хэтар? - кIэкуакуэрт ТIэшуб, и анэми хуемыплъэкIыу.

- Сэращ ар! Сэращ псори зи унафэр, Хьэтусилэ. ТIэшуб и зэран хэлъкъым. Тхьэхэр узогъэлъэIу, си къуэ закъуэм уемыIусэну! Сэ сыпшыныжынщ псори, къыстеплъхьэр си тезырщ, къысхуэпщIыр си унафэщ, ауэ ТIэшуб и гугъу умыщI! - лъаIуэрт Шэтэнду къызэфIэзэрыхьауэ.

Хьэтусилэ зыри жимыIэу, и напщIэ ижьыр иIэтри, ер зи кIэм къикIа фызым нэбгъуз хуищIащ.

- Сэ хабзэр къызэпызудынуи, фызукIынуи, лей къыфтезгъэхьэнуи сыхуейкъым. Дауэ мыхъуами, ТIэшуб, уэ пщыгъуэр илъэсиблкIэ зепхьащ. Уи щIыхьыр езудыхыну си мурадкъым. Умыгузавэ, - и къуэш быныр игъэсабырыжыну хэтщ Хьэтусилэ. - Шэтэнду, уэ къыбгурыIуэ хъунщ Iуэхур зыIутыр. Зауэ дублэкIи, мыхьэнэ иIэнукъым. Сэ сыщыгъуазэщ фэ дзэ фызэримыIэм. Аращи, мыбдеж дыщызэгурыIуэ - пащтыхьыгъуэр сэ къыслъос, фэ къалащхьэр фобгынэри, хуиту фопсэу, си Iуэху къызевмыхуэу. ДызэрызэгурыIуам фебакъуэрэ - мис итIанэ сыфщысхьынукъым!

- Дэнэ дыздашэнур? - тэлайкIэ зрилъэфыхьа нэужь щIэупщIащ тажнанэр.

- Иджыри сегупсысынщ. Зывгъэхьэзырыху абы и унафэ сщIынщ.

ХЬЭТУСИЛЭ и гугъакъым апхуэдэу псынщIэу, тыншу Iуэхур зэфIэкIыну. Иджы ар Хьэт къэралыгъуэм и пащтыхьышхуэт. Хэт и гугъэнт шыхъуэр пащтыхь хъуну?! Абгъуэм кърадза бзу шыр лъэрымыхь цIыкIум и дамэхэр зэщIихыу, бгъэ уардэу уэгум къиувэжыну... Хэт и нэгу къыщIигъэхьэнт бейгуэлхэр зыщIэнакIэу, зыщыдыхьэшхыу, зыуи кърамыдзэу щыта пщыкъуэ ятам зэрыкъэралыгъуэу зэгуэр щхьэщэ хуащIу къызэхэувэну. Апхуэдэущ гъащIэр зэрызэхэлъыр, уIэгъэ къуедзри - уIэгъэм йоIэзэж.

Бейгуэлхэр щыгугъырт Хьэтусилэ. Абыхэм я фIэщ хъурт я пщыщIэм къэралым зэрызригъэIэтыжынур, ТIэшубрэ Шэтэндурэ я делагъэкIэ, хуэмыхуагъкIэ зэтракъутэж пэта къэралыгъуэм зэрызыригъэужьыжынур. Хьэтусилэ дэнэ лъэныкъуэкIэ имыгъэзами, сыт хуэдэ Iуэху кърримыхьэжьами, псори зэкъуэту и ужь иувэнут, мыгупсысэхэу.

- Сэ сщIэрт апхуэдэу зэрыхъунур. Уи пщыгъуэр кIыхь ухъу, ди адэ! - щхьэщэ ищIри, гуфIэжу и адэм и пащхьэ къиуващ Тутхьэлий.

- Сэ сщIэртэкъым-тIэ, си къуэ. Зэи сыщыгугъатэкъым. ЗэрымыщIэкIэ къэхъуа Iуэхущ, Тхьэхэм я тыгъэщ, - жиIащ Хьэтусилэ, пащтыхь лэгъунэр зэпиплъыхьурэ.

- Мы зэанэзэкъуэм сыт унафэу яхуэпщIынур, зиусхьэн? - нэщхъей къэхъужащ щIалэр.

- Жыжьэ дгъэкIуэну къекIуркъым. Дауэ мыхъуами, сыт имылэжьами, ТIэшуб пщыуэ щытащ. Зыхуей хуэгъэза щIыпIэ гъунэгъу гуэрщ здэгъэкIуэн хуейр.

- Бийр благъэу Iыгъ жыхуаIэм пэж гуэр хэлъу къыщIэкIынщ.

- Пэжщ, ари хэлъщ, - шордакъым ихьэри, уардэунэр къэзыухъуреихь дахагъэр къиплъыхьащ пщым. - Тхьэхэм солъэIу сыщымыкIыу, Iей сигу къэмыкIыу мы пщыгъуэр ирызагъэхьэкIыну, - жиIэурэ уафэм дэплъеящ Хьэтусилэ...

- Зэи хьэрэмагъ уигу къэкIакъым, ди адэ. Напэ хужькIэ ди адэжьхэм я пащхьэ ихьэжынухэм уащыщщ, - и адэм ирипагэу къыхуеплъэкIащ абы Тутхьэлий.

- Дауэ уеплърэ, Тутхьэлий, дэнэ дгъакIуэмэ нэхъыфI ТIэшубрэ Шэтэндурэ?

- Уэ яхуэпщIыр я унафэщ, зиусхьэн. Уэращ пщыр, - жэуап Iущу итащ щIалэм.

- Абы я унафэ сщIагъэххэщ сэ. Сэ си къулыкъур зэгуэр уи пщэ къыдэхуэжынущ. Си пIэ уитатэмэ, сытыт уэ унафэу яхуэпщIынур? - игъэунэхурт щIалэр пщым.

- Пщыгъуэр щIэхфэх Тхьэдыгъэм къыслъимыгъэскIэ, ди адэ, ауэ сэ абыхэм я унафэ сщIатэмэ, ящIэну дыдэр и кIэм нэс езгъэщIэнут, я щыуагъэм пэкIуэу нэхъ тезыр гуащIэ дыдэр ятеслъхьэн папщIэ. ТIэшуб шынагъуэкъым, ауэ Шэтэнду зэи къызэтеувыIэнукъым. Дэнэ щIыпIэ дымыгъэкIуами, зы делагъэ гуэр къыIэщIэмыщIауэ увыIэнукъым. Пщыр зыгъэлIар сыту темыпыIэрэт! Аращи, и гум илъым и лъэр лъэгъэIэсын хуейщ, - Тутхьэлий, къызэрыщIэкIымкIэ, губзыгъэ-бзаджэт.

- Ныхъуашэ къалэ дэдгъэтIысхьэмэ, ди Iуэхури езыхэм я Iуэхури нэхъ псынщIэ хъуну къыщIэкIынщ, - арэзыуэ и щхьэр ищIащ Хьэтусилэ.

- ФIы дыдэщ, зиусхьэн, - щыхьэт техъуэжащ пщыкъуэри.

- ФIы дыдэмэ, си япэ унафэм фIы къытхудигъакIуэ! ТIэшубрэ Шэтэндурэ Ныхъуашэ ирекIуэ, Вындэшынэ Амырейм япщу ирегъэзэж, уэ Хьэкъмыс кIуэи, ди унагъуэр къалащхьэм къэгъэIэпхъуэ.

- СынодаIуэ, зиусхьэн! - Тутхьэлий пыгуфIыкIщ, щхьэщэ ищIри, щIыбкIэ икIуэтурэ щIэкIыжащ.

ПщIэ зыхуэтщI Фирхьэун!

Шэтэндурэ ТIэшубрэ къалащхьэр зэрырагъэбгынэрэ илъэс ныкъуэ хъуат. ЦIыхубзым Хьэтусилэ псалъэ иритат, пщым и щIыбагъкIэ псалъэмакъ кърымыхьэкIыну, делагъэ имыщIэну, ауэ, гуащэм хуэгъэпэжакъым ар. Шэтэнду бампIэм къызэгуиудырт, зэпымычу егупсысырт «лей» къызэрытехьам, и къуэм пщыгъуэр къызэрытрахам. Абы дамэгъу къилъыхъуэрт, тепыIэнуи зигъэхьэзырыххэтэкъым. Уеблэмэ кIуэ пэтми нэхъ Iеижу къеблу арат абы и гужьгъэжьыр.

КъуэкIийуэдым щыIэ и благъэпщым хъыбар иригъэщIат къыкъуэувэну, Асырийрэ Вавилонымрэ япщхэм яригъэпсэлъэну, Хьэтусилэ къэралыр къыIэщIихыжынымкIэ къадэIэпыкъуну иригъэлъэIуну. Ауэ Памбэ къыхуидакъым Хьэтусилэ бий ищIыну хуейтэкъыми. Утыку къыщинэм, Шэтэнду бзаджагъэм я нэхъ шынагъуэр игу къэкIащ: мысыр Фирхьэуныр пэшэгъу ищIу, и къуэр лъэныкъуэ езыгъэзар хигъэщIэну. И къуэ сымаджэм нэхърэ нэхъ Iеижу зи щхьэр зэкIуэкIа фызым тхыгъэ хуригъэхьащ Рамзес.

Къадеш зауэм лъандэрэ лIыпIэ иува Рамзес куэдкIэ зихъуэжат. Ар нэхъ зэпIэзэрытт, и къипкI-къилъыр нэхъ мащIэ хъуат, и гужьгъэжьри нэхъ ужьыхат. Щамым и гугъэр хихыжатэкъым Фирхьэуным. Иджыри щIэхъуэпсырт Къадеш къизэужыну, икIи хуэм-хуэмурэ дзэ къызэригъэпэщыжырт. Рамзес зэи и пщIыхь къыхэхуэнтэкъым фIэфIыпсу Къадеш кърitын папщIэ Хьэт къэралыгъуэм и пащтыхьыу щытар езыр-езыру къэлъэIуэну.

- «ПщIэ зыхуэтщI Фирхьэун лъапIэ! Тхьэдыгъэм и пэлъытэу ди щIылъэр къэзыгъэнэху! ЗэрыпщIэщи, ди щхьи ди пщIи хиутэу, си щхьэгъусэ лъапIэу, имычэзууэ дунейм ехыжа МывэтIалэ и къуэш Хьэтусилэ дзэшхуэ кърищажьэри, си къуэ пащтыхьым и тетыгъуэр трихащ. ГъэпцIагъэрэ шынагъэкIэ ТIэшуб и пщыгъуэр IэщIэзыгъэкIа лIы ябгэр уэрэ дэрэ ди зэхуэдэ бийщ. ЗыкъытщIэбгъакъуэрэ, тетыгъуэр Хьэтусилэ къыддытепхыжатэмэ, фIыщIэ пхуэтщIыжынт Фирхьэун лъапIэм - щIегъуэжи щысхьи къыхэмыкIыу, Къадеш уэттынт. Уи жэуапым дыпоплъэ! ФIыкIэ дыпхуохъуахъуэ. Шэтэнду тажнанэрэ Хьэт къэралыгъуэм и пащтыхьышхуэ ТIэшубрэ».

Рамзес и бейгуэлхэмрэ и къуэхэмрэ зэхуишэсри, къахуеджащ.

- Мы тхыгъэр дыгъуасэ къысIэрыхьащ.

- Дзыхь хуэпщI хъуну пIэрэ а гуащэм? - псом япэ къэпсэлъащ Рамзес и къуэ нэхъыжь Хьэемыуэс.

- Зи гум гужьгъэжь илъ бзылъхугъэм хуэмыщIэн мы дунейм теткъым, сэ сцIыхужкъэ цIыхубзхэр! - дыхьэшхащ нэхъыщIэр.

- Къэгъанэт, Мырнэптехь, - Фирхьэуным и нэщхъыр ищIри, къуэ нэхъыщIэм хуеплъэкIащ.

- Хуит сыкъэпщIмэ, Фирхьэун! - щхьэщэ ищIащ бейгуэлхэм ящыщ зым. - Сэ сощIэж Хьэтхэр зэрыхъыжьэр. Бийм нэмыплъ хуэпщIыным нэхъ щыуагъэ къыIэщIэщIэнкъым зауэлIым. Тажнанэм и псалъэм тетщIыхьрэ, зауэм дыхыхьэмэ, фIы щIэтхынкъым. Ди дзэр хьэзыркъым. Иужьрей зауэм лъандэрэ зыкъэдужьыжакъым.

- Пэжщ ар. НэгъуэщI зы лъэныкъуэкIэ укъеплъмэ, апхуэдэ зэгурыIуэныгъэ иужькIэ дымыгъуэтыжынри хэлъщ. Илъэс дапщэ хъуауэ дещакIуэрэ дэ а щIыналъэм! Илъэс мин бжыгъэ дэкIа нэужьи ди цIэр ящыгъупщэнутэкъым цIыхухэм, «Хьэт къэралыгъуэр къэзызэуахэр» жаIэу, IуэрыIуатэу ди хъыбар кърахьэкIынут зэIэпахыу. Зэпэшэчын хуейщ псори, зыIэщIэдгъэкI хъунукъым апхуэдэ IэмалыфIыр, - жеIэ зы бейгуэлми.

- Щамыр къытIэрыхьэмэ, ди гъуэгур зэIухащ: зэрыкъэралыгъуэу къэдзэунущ хуэм-хуэмурэ, - и щхьэ хуэпсэлъэж хуэдэ, щэхуу жиIащ Рамзес.

- Зи къэралым, зи лъэпкъым епцIыжу, и щIыналъэм щыщ къозытыну хьэзыр цIыхум зыхуейр къыIэрыхьа нэужь уэри утыку укъримынэну, къыппэщIэувэжу укъримыхужьэжыну ущыхьэт, ди адэ? - жи Хьэемыуэс.

- Ари хэлъщ, - арэзы техъуащ абы Фирхьэуным и къуэ нэхъыщIэр. - Лъэпкъ бзаджэщ ахэр.

- Хьэтусилэ илъэс щэ ныкъуэм нэблэгъауэ лIы балигъщ, дзэпщ лъэрызехьэу жаIэ, абы нэхъ лIы лъэрызехьэ Хьэтхэм яхэтакъым. Сэ куэдрэ сыщрихьэлIащ абы зауэ губгъуэм. Пэжыр жысIэнщи, абы нэмыплъ етт хъунукъым, и щIыбагъкIэ Iуэху зетхьэнкIэ Iэмал зимыIэщ - зыкъиIэтрэ къежьэмэ, зыкъытхуэужьыжынкъым, - хэгупсысыхьащ Фирхьэуныр.

- Арамэ, зиусхьэн, дзыхьщIыгъуэджэ Iуэхущ дызытегушхуэр. Зи акъыл мытэмэм дыдэ ТIэшубрэ абы и анэ удымрэ я ягъэкIэ сыт Хьэтусилэ и пIэм къыщIитшынур? И гугъу дымыщIмэ, ди Iуэху къызэрихуэнукъым абы, - идэркъым Хьэемыуэс.

- Дэ апхуэдэ Iэмал зэи дымыгъуэтыжынкIэ хъунущ. Ищхъэрэ-къуэкIыпIэмкIэ щыIэ къэралыгъуэр къэтхьэхумэ, дунеижьыр дыдейуэ аращ - ди гъуэгу зэIухащ, - Рамзес унафэ ищIагъэххэ хуэдэ, тегушхуэрт.

- Зиусхьэн, нэгъуэщI мыхъуми, шэсыгъу къеIых, укъамыгъэпцIэжын хуэдэу, - жиIащ зы бейгуэлым.

- Пэжщ. Ауэ хэт къеIытхынур? Зэанэзэкъуэм языхэз мыхъумэ, нэгъуэщI зыщысхьын яIэкъым а тIум, - пэжт Фирхьэуным и къуэ нэхъыщIэм жиIэр.

- Зыгуэр къэзгупсысынщ. ФызэбгрыкIыж, - и Iэр ищIри, етIысэхащ Рамзес.

Дзэгъащтэ

Нэптерэрэ Тэшмийрэ я кIэзехьэхэр ящIыгъуу жыгхадэм итт, уэршэру. Пщащэхэр Хьэтуссэм къызэрыIэпхъуэрэ я гъащIэм зихъуэжат. Ахэр иджы уардэунэм дэкIыну, я нэгу зрагъэужьыну, бэзэрым зыщаплъыхьыну, уеблэмэ, хьэуа къабзэкIэ бэуэн щхьэкIэ я закъуэ унэм къыщIэкIыну хуиттэкъым. Сытым дежи, ныбжь нэхъей, унэIутхэмрэ кIэзехьэхэмрэ ящIыгъут. ЗэшыпхъуитIыр абы есэртэкъым. Ахэр хуейт я гур утIыпщауэ, хуиту бауэу, я гущхьэм зыри къытемыту псэуну. АрщхьэкIэ, апхуэдэу хъунутэкъым, ахэр пщыпхъут. НэгъуэщI гъащIэщ, нэгъуэщI къалэнщ, нэгъуэщI щытыкIэщ.

- Къейшэху сымэ Амырейм зэрыкIуэжрэ нэхъ зэшыгъуэж хъуащ. Иджы уэрэ сэрэщ къэнари, тхьэм ещIэ къытпэщылъыр, - имычэзууэ балигъ хъуа Тэшмий куэдым егупсысырт, куэди зэхуигъэхъурт.

- Мы кIэзехьэ бжыгъэншэхэмрэ хъумакIуэхэмрэ сэ зыкIэ къызохьэлъэкIри, - и щхьэр ищIри, дыхьэшхащ Нэптерэ.

- И гугъу умыщIыххэ. Си щхьэр щIызагъэхьащ. КъызэрыщIэкIымкIэ, зыкIи фIыкъым упщыпхъуну, - макъкIэ дыхьэшхащ пщащэ цIыкIур.

- Аращ жаIэр. Мес, Къейшэху и щхьэгъусэр ди адэм и ныбжьщ. УдэкIуэн хуейщ жаIати, «хъунщ» жиIэу и щхьэр игъэщхъа мыхъумэ, зы псалъэ къыфIигъэкIакъым. Аращ дэри къытпэщылъыр. Ар пщыпхъухэм ди зэхуэдэ гукъеуэщ, ди лъагъуныгъэ щэхур ди гум ибэмпIыхьу ди гъащIэр тхьынущ, - нэщхъей къэхъужащ Нэптерэ.

- Умынэщхъей, си шыпхъу дахэ, си гур уогъэуз, - Нэптерэ и Iэблэр Тэшмий еубыд.

- Дауэ сымынэщхъеинрэ. Ди адэм Алэдамэ кърригъэшэну мурад ищIащи, нысащIэ къыхуелъыхъуэ. Сыкъелынукъым сэ абы, Тэшмий, - кIэзехьэхэм зэхамыхын хуэдэу, мэIущащэ Нэптерэ.

Тэшмий и шыпхъу нэхъыжьыр фIэгуэныхьу хуеплъэкIа мыхъумэ, зэрытригъэун псалъэ къыхуэгъуэтакъым.

- Иджы тхьэмахуэ бжыгъэкIэрэ слъагъуркъым. Мы сэреижьыр дэнэкIи нэрэ тхьэкIумэрэщ. Зыгуэрым дыкъищIэмэ, ди адэм деж нагъэсыжын хьэзыру зэхэтщ унэIутхэр, - хуэмхуэмурэ къэгубжьырт Нэптерэ.

- ФыкъащIэмэ, фIы щIэфхынукъым. Ар уэри уощIэ. ЗышыIэ тIэкIу. Алэдамэ фIыуэ ялъагъуми, ди адэ-анэм ящыгъупщакъым ар зэрыщхьэхуимытыр.

- Алэдамэ - пщыкъуэщ. Ар мэуэтыпщым и къуэщ. Тенджыз ФIыцIэм адрыщIкIэ щыпсэу лъэпкъри дамэгъу къыхуэщIынут ди адэм, тIэкIу егупсысатэмэ...

- Хуэму, Алэдамэ къокIуэ, - къызэпиудащ ар Тэшмий.

Гъатхэ хьэуа щIыIэтыIэм мащIэу укъигъэпIыщIэрт икIи IэфIIэфIу Iэпкълъэпкъым зыкърищэкIырт. Жэщым къешха уэшх мащIэм и лъэужьу тхьэмпэхэм къатена ткIуэпс цIыкIухэри пщэдджыжь дыгъэпсым пэлыдырт, ихъуреягъыр зэщIагъэцIууэу. Гъатхэр гухэлъ къэушыгъуэщ, лъагъуныгъэм игъуэщ, дахагъэм, щIэрэщIэгъуэм и лъэхъэнэщ. КъызэрыгуэкI цIыхум дежкIэ... Нэптерэ армырми апхуэдэххэт гъэ псор зэрырихьэкIыр. Абы Алэдамэ щилъэгъуам деж и Iэпкълъэпкъым гурыщIэу хэлъыр къызэщIэуушэрти, пкъым имызэгъэжу къипкIын хуэдэ и гур къызэрытIэпIыкIырт. Пщащэр, Алэдамэ и цIэр зэрызэхихыу, зэщIэувыIыкIащ.

- Фи пщэдджыжь фIыуэ, - щхьэщэ къахуищIащ Алэдамэ зэшыпхъуитIым.

Тэшмий Iущ цIыкIур икIуэтри, кIэзехьэхэр щIыгъуу иужь зыкъригъэнащ. Нэптерэ зыкъом щIауэ илъэгъуатэкъым и псэр зыхэлъ щIалэр, итIани жиIэнур имыщIэу, еплъу щытт.

- Нэптерэ... Си гъащIэ! - зауэ губгъуэм хъийм щикI щIалэ гуащIафIэр Нэптерэ и пащхьэ щитым деж, къарууншэ хъурт. Алэдамэ и нэр, и гущхьэм иплъэ хуэдэ, Нэптерэ тедият.

- Узмылъагъуми схуэшэчкъым, услъагъуми даIуэтэжынкIэ сошынэри... - и напIэр ирихьэхащ пщащэм.

- ПщIэрэ, Нэптерэ, Хьэкъмыс иджыри дыщыIэу, мылIэ-мыпсэууэ сыщытелъам щыгъуэ...

- КхъыIэ, и гугъу умыщIыж! - укIытауэ, зыздихьынур ищIэжыртэкъым пщащэм.

- Абы щыгъуэ жыпIар зэрыщыту зэхэсхащ. Зэхэсхыну сызыщIэхъуэпсыр къызжепIауэ къысщыхъуауэ арами сщIэркъым, ауэ абы щыгъуэ уэращ ажалым сыкъыIэщIэзыхар. Хьэдрыхэ гъуэгу сытетт, лIахэм сахэтт. А дунейм гукъеуэ щыIэкъым, абыкIэ нэхущ, хуабэщ, бэIутIэIуншэщ. ДунеягъэкIэ къанэм нэхърэ хьэдрыхэ къыщытпэплъэр нэхъыбэщ, Нэптерэ. Псори а дунейм щызэхуэдэщ. Пщыи пщылIи щыIэкъым. А гъащIэ IэфIым апхуэдизкIэ сыдихьэхати, дунеягъэкIэ щыIэхэм сегупсысыххэртэкъым. Ауэ, си тхьэкIумэм къиIущащэу уи макъ щабэр зэхэсхащ. Зысплъыхьмэ - зыщIыпIи ущыслъагъуртэкъым. Нэрымылъагъуу зыкъызэпшэкIауэ сумыутIыпщым ещхьт ар. ИтIанэ зызущэхури, сызыщIэдэIукIащ. Пэжт, зыщIыпIэкIэ къиIукIырт уи Iущащэр, - Алэдамэ зыкъигъэщхъыурэ Нэптерэ и нэгум гъунэгъу дыдэ къыщыхуэхъум, пщащэр икIуэтащ.

- Алэдамэ, кхъыIэ, щыгъэт. АдэкIэ зыри жумыIэ, - укIытат пщащэр «зэхихам нэмыщI, зыхищIари ищIэжмэ» жиIэу.

- Уи щIыхьымрэ си гъащIэмрэ сыхагъэдэмэ, сымыгупсысэххэу си гъащIэр щхьэузыхь пхуэсщIынущ, Нэптерэ. Ауэ пщIэну сыхуейщ - пащтыхьым селъэIунущ укъызитыну. Абы къытхуищIыр ди унафэщ.

- Сыт жыпIэр?! - къэщтащ Нэптерэ. - Абы уемыгупсысыххэ, Алэдамэ, синолъэIу. Уи щхьэр паупщIынущ!

- А сыкъыздипшыжам згъэзэжмэ нэхъыфIщ, уэрыншэу сыпсэу нэхърэ. Пащтыхьым къызигъэшэну яужь итщ. Сыхуейкъым нэгъуэщI, уэр фIэкIа, - Алэдамэ и макъым Нэптерэ щабэу зришэкIырт, ауэ пщащэм ищIэрт абы кърикIуэнкIэ хъунури, и щхьэр игъэкIэрахъуэурэ «хьэуэ» кърригъэкIырт.

- Нэптерэ, - къэджащ Тэшмий. - Зыгуэр къокIуэ.

Алэдамэ щхьэщэ ищIри ежьэжащ.

ЦIыху ерыщт ар, икIи быдэу игу ирилъхьат Нэптерэ къищынэмыщIа, нэгъуэщI зыри псэгъу имыщIыну. Пэжщ, пщыр къэгубжьу Алэдамэ и щхьэр паупщIынри хэлът, ауэ адэкIэ апхуэдэу псэуну хуейтэкъым езыри. И гум зэрихуэрт. Алэдамэ ищIа лъагъуныгъэр нэфт, дэгут икIи бзагуэт. А гурылъыр апхуэдизкIэ инти, Iэпкълъэпкъым зриубгъуауэ и къарур щIихырт. Иджыпсту зыгуэр имыщIэмэ, адэкIэ зы Iей гуэр къызэрыхъунур псэкIэ зыхищIэрт.

Пащтыхьым и хъумакIуэ нэхъыщхьэр шабзэшэм хуэдэу пырхъуэм ирижэрт. Абы быдэу игу ирилъхьат зиумысыну, къэгъази къикIуэти имыIэу зиумысыну... БжэIутхэм пащтыхьым и лэгъунэбжэр щызэIуахымрэ пащтыхьым и къыщIэкIыгъуэмрэ зэтехуащ.

- Алэдамэ. Уэрат сызыхуейр. КъыщIыхьэт моуэ, - жиIэри, игъэзэжащ пащтыхьым.

- СынодаIуэ, зиусхьэн, - и Iэр и бгъэ лъабжьэм щызэтридзэри, бауэбапщэу щхьэщэ ищIащ щIалэм.

- КъетIысэхыт.

Алэдамэ къэуIэбжьащ. Ар зэи Хьэтусилэ щысу етIысэхатэкъым.

- Хьэуэ, зиусхьэн. Дауэ сытIысын?! - идэркъым.

Хьэтусилэ пыгуфIыкIащ:

- Уи хэкумкIэ, дауи, хабзэкъым нэхъыжь щыту нэхъыщIэр тIысу.

- Гупсыси псалъэ, зыплъыхьи тIыс, жаIэ мэуэтхэм.

- ПщIэрэ, сэ япэ дыдэ ущыслъэгъуам згъэщIэгъуат щхьэхуимыт щIалэ цIыкIум уи зыIыгъыкIэмрэ уи плъэкIэмрэ. КъызгурыIуатэкъым ар къызыхэкIыр. ИужькIи куэдрэ сегупсысырт абы. СыпкIэлъыплъырт, зэпIэзэрыту, гъэсауэ, шыIэныгъэ пхэлъу, щIыкIафIэу, Iэдэбу узэрыщытыр къыздикIар къысхуэмыщIэу. ЩакIуэ дыщыIэу къызжепIам иужькIэщ псори щызэхуэкIуэжар, къыщызгурыIуар. Уэ пхуэфащэкъым щхьэхуимыт цIэ мыфэмыцыр зепхьэну, - гуапэу къеплъащ абы пащтыхьыр.

- Зиусхьэн... - и пщым жиIэну зыхуейр къыгурыIуащэтэкъым Алэдамэ, ауэ жиIакIэр и гуапэ хъуат.

(КъыкIэлъыкIуэнущ).

Нэптерэ

Рамзес II

Тутхьэлий

Гыдэ Валерэ: Сурэт нэхъыфIыр иджыри сымыщIауэ къысщохъу

КЪБР-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI, Тэрч къалэ щIыхь зиIэ и цIыху Гыдэ Валерэ и Iэдакъэщ1экIхэр сфIэтельъыджащ.

Гыдэ Валерэ и лъэщапIэм.

- ЦIЫХУМ и сурэт щIыныр сыт щыгъуи нэхъ спэгъунэгъу щытащ, уеблэмэ си диплом лэжьыгъэу щытари аращ, - къыддогущэ Гыдэр.

КъежьапIэ хэзхъуам теухуауэ абы жеIэ и нэхъыжьхэм сурэтыщI эзрахэмытар, и къуэш-и шыпхъуэм школым кIуэн щIадза иужькIэ абыхэм якIэлъыплъурэ езыр-езыру тхэкIэ-еджакIэ зэрызригъэщIар. Ар щеджа школым и блын газетхэр зыщIыр Валерэт, уеблэмэ ныбжьыщIэ зэпеуэм хыхьэри, ахъшэ саугъэтхэр къыхуагъэфэщауэ щытащ. А ахъшэмкIэ лэч зэмыфэгъуэхэр къищэхуауэ зэрыщытари игу къегъэкIыж ди псэльэгъум.

Курыт еджапIэр къиуха иужь, къуажэ клубым щагъэльэгъуэну кинофильмхэм я афишэхэр ищIурэ щIакхъуэ Iыхьэ къэлэжьыш щIэзыдза Гыдэ Валерэ иджы къэрал къулыкъущIэхэм, къэрыгэтыщIэхэм, цIыху цIарыIуэхэм я сурэтхэр ирагъэщIыну дзыхь зыхуащI зырызэхэм ящыщ хъущ. Абы жеIэ афишэхэр къыззригъэкIыу итхын щIидзами, иужькIэ а фильмхэм щыщ теплъэгъуэ цIыкIухэри абыхэм трищIыхьурэ цIыху нэхъыбэ еплъыну кърашалIэ хъуауэ зэрыщытар.

Сурэт щIыным и щэхухэр абы игъэунэхун щыщIидзар художник цIэрыIуэ Тканенкэ Андрей и дежщ. Абы Пионерхэм я унэм щигъэлажьэ студием зэман гуэркIэ екIуэлIащ Валерэ икIи жеIэ и Iэзагъэм лъабжьэ хуэхъуар а студием щызригъэгъуэта щIэныгъэр зэрыарар.

Сурэтыщ1 Iэщ1агъэр Гыдэм армэми къыщыхуэсэбэпащ. 1964 гъэм кулыкъу ищIэну дашри, Германиеращ илъэсищри щрихьэкIар. Абы ирагъэщIырт плакатхэр, стендхэр, цIыху щхьэхуэхэм я сурэтхэр. Армэ нэхъыбэм Налшык дэт Автотранспорт комбинатым мазих хуэдизкIэ щылэжьауэ, тегушхуэри, Дагъыстэным щыIэ художественнэ училищым и документхэр ирилъхьащ. Апхуэдэ къэмыхъуауэ, ар занщIэу етIуанэ курсым щIагъэтIысхьауэ щытащ. Училищэ нэхъыбэ университет зыбжанэм щеджэну Iэмал иIами, унагъуэм я нэхъыщIэ Валерэ унэм къежьэу щIэс и анэр къиргъэнэн хуIэкIакъым. Арагъэнщ гъэгу щIигъэтэри. Тэрч къалэ дэт Щэнхабзэмкlэ унэм зы пэш щыхухахри, лэжьэн щыщIидзащ. Псом хуэмыдэу и лэжьыгъэр хуиунэтIащ а зэманым Тэрч щыналъэм и унафэщIу щыта Пэнагуэ Максим и фIыгъэкIэ къызэрагъэпэща музейм. Нарт эпосым кьыхэбжъкуэкIауэ къыщцыхъу сурэт телъыджэхэмкIэ музейм и блынхэр екIуу игъэщIэрэщIащ Валерэ. Нэрылъагъущагарпасэрейхьэпшыпхэр щыхэзэхьэса унэ къызэрыгуэкI мыхъуу, ди лъэпкъым и Iэужь бейм пщIэ щыхуащI хэщIапIэу зэрыщытыр. Тэрч щыналъэмрэ къалэмрэ я гербхэр зи Iэдакъэ къыгъэщIкIар Гыдэращ, Тэрч къалэ уэрредыдихьэр къозыгъащIэ дамыгъэ екIур зейри аращ. Уи гур хагъахъуэ Тэрч къалэ Щэнхабзэмкlэ и уардэунэм и етIуанэ къатым и блынхэм тещIыхьа теплъэгъуэ гъэщIэгъуэнхэм. Инарыкъуей щызэхэта колхоз цIэрыIуэм и унафэщIу щыта Пэнагуэ Азэмэтджэрий и цIэр зэрихьэу я кIуажэ къыщыхэзIуаха музейри Дей къуажэ дэт курыт еджапIэм хэту къызэрагъэпэща музейри екIуу зыгъэщIэрэщIар Валерэщ.

Иджыпсту Гыдэр Щэнхабзэмкlэ управленэм щолажьэ, ауэ нобэми и лъэщапIэр здэщыIэр музейращ. ЦIыпIэ куэдым къыщащIыхуа сурэтыщIыр зи щхьэ хуэткIиж зырызэм ящыщщ.

«Сурэт нэхъыфIыр иджыри сымыщIауэ къысщохъу. Сэ сызэреплъымкIэ, уи лэжьыгъэр ебгъэфIэкIуэну ухуеймэ, упсэухукIэ уи зэфIэкIым зебгъэужьын, уи щIэныгъэм хэбгъэхъэн хуейщ. Сурэт щIыным и нэхъ гугъуэм ящыщу къалъытэ портретыр. Ауэ щыхъукIи, сэ аращ нэхъ сфIэгъэщIэгъуэнри. Къалэн нэхъыщIхьэр сурэтыр зытепщIыкIым ещхь пщIынырщ, ауэ щыхъукIи, Iэмал имыIэу и хьэлыр, и зэхэщIыкIыр, и дуней тетыкIэр къызытещ нагъыщэ гуэр хэлъын хуейщ. ЦIыхум и нэхэм куэд къаIуатэ, аращ абы сурэтыщIхэр нэхъыбэу щIелажьри. Сурэт зытепщIыкIынур фIыуэ зэбгъэцIыхун хуейщ, итIанэ уи щхьэм абы и сурэтыр щыбощI, уи нэгу къыщIыбгъэхьэ. Уи щхьэм илъымрэ уи Iэм ищIымрэ зэтемыхуэмэ, гугъу урегъэхь, а тIур зэщхь хъумэ - сурэтыр, шэч хэмылъу, къохъулIэнущ», - жеIэ Гыдэм.

Мы зэманым ар йолажь адыгэлI цIэрыIуэ Къардэнгъущ1 Зырамыку и сурэтым («Адыгэ псалъэм» и хьэщIэщым папщIэ). Абы и гъэщIэмрэ и Iэдакъэщ1экIхэмрэ щыгъуазэ захуищIа иужьщ сурэтым яужь щихьэфар. Зырамыку щIэныгъэлI щэджащэу, тхакIуэ Iэзэу зэрыщытар кьиргъэльэгъуэн папщIэ эскиз зыбжанэ ищIуэрэ зэхуеплъыжащ.

Гыдэм и Iэдакъэщ1экIхэм уеплъа иужькIэ, ар зэрыпсэун кьыззрилэжь Iэщ1агъэ къудейуэ къызэримыльытэр нэрылъагъущ. Арагъэнщ абы зыгъэпсэхугъэ махуэхэри и лъэщапIэм щIыщигъакIуэр.

Валерэ кьыхегъэщ сурэт щIыным и фIыгъэкIэ цIыхухэр тыншу кьицIыхуф зэрыхъуар - я зыхуэпэкIэкIэ, зыщIыкIэкIэ абыхэм я дуней тетыкIэр, жаIэм и пэжагъыр, я гум илъыр кьызэрищIэфыр.

Творчествэрэ унагъуэрэ я лъэныкъуэкIэ цIыху насыпифIэщ Гыдэ Валерэ. Абы и щхьэгъусэ Щад Риммэрэ езымрэ хъыджэбзищ зы щIалэрэ здэлаIащ, плIыри унагъуэ дахэу ягъэтIысыжащ. Быныр я быныжу цIыкIуибгъу я куэщIым ирапIыкI дадэ, нанэ Iумахуэхэм. Валерэ хуэдэу и бынхэм сурэтыщI кьахэмыкIами, и хъыджэбз курытым - Борэ (Гыдэ) Иринэ - сурэт дахэу ещI, «Нальчик» газетым хэуам зыхь и секретару мэлажьэ, лэжьыгъэм кьыщыдахуэ зэманым сабий тхьилъ цIыкIуэр сурэткIэ егъэщIэращIэ.

ЦIыхур зыгъэинри зыгъэлъапIэри и Iэщ1агъэмрэ цIыхугъэмрэщ. Тхьэм зэфIэкI кьыббгъэдилъхьэныр насыпщ, ауэ насып тIуащIэщ Гыдэ Валерэ хуэдэу ар зэхэпщIыкIыу кьыпхуэгъэсэбэпыныр, уи зэфIэкI бгъэбэгъуэныр. Ди лъэпкъэгъу сурэтыщIым и Iэрыкl дахэхэмкIэ дуней псом кьыщацIыхуну, творческэ дэрэжэгъуэ щымыщIэу иджыри илъэс куэдкIэ лъэпкъым хуэлэжьну дохъуэхъу.

ЩОМАХУЭ Залинэ.


Сурэтыщым и Iэдакъэщ1экIхэр.

Нэрылъагъур фIэщщIыгъуейщ!

Футболымкlэ XXI дунейпсо чемпионатым вэсэмахуэ къыщыхъуар фIэщщIыгъуейщ - финалым и 1/8-нэ Iыхьэм Урысей Федерацэм и гуп къыхэхам щыхигъэщIащ илъэситI хъуауэ зыри зыпэмылъэщ Испаниер. Афэрым, щIалэфIхэ!

УРЫСЕЙ къэралыгъуэр къызэрыуногъэ (Совет Союзыр хэдбжэркъым) зэи къэхъуакъым абы и футболистхэр дунейпсо зэпеуэхэм иджы хуэдэу жьыжь щынэса. Уеблэмэ зыхэта гупым ар япэу къыщцыхэкIыфар мы гъэращ. Къызыщыбгъэхъуну гугъу дыдэщ дунейпсо чемпион Германиер, Месси зи пашэ Аргентинэр, Роналду зи капитан, Европэм и чемпион Португалиер, илъэситI хъуауэ зыми хамыгъащIэф Испаниер къыпихауэ Урысей Федерацэр финалым и Iыхьэ плIанэм нэсауэ. Медаль гуэр кьахьыфын папщIэ иджы ахэр зы текIуэныгъэ закъуэ хуэныкъуэжу аращ. ПщIыхьэпIэм хуэдэщ!

Дэри ди футболистхэми фIы дыдэу кьыдгурыIуэрт дуней псоми Европэм и чемпиону зэрыщытрэ куэд мыщIа Испаниием Урысей Федерацэр фIырыфIкIэ зэрыпэмылъэщнур. IэзагъэкIи, псынщIагъэкIи, нэгъуэщI куэдкIи хьэрхуэрэгъур хэпщIыкIыу нэхъ лъэщт. ХэкIыпIэр - джэгупIэ губгъуэм зы къару кьахуэмынэжьхукIэ зрагъэлIыхьныырт. Ди къэралым щыпсэухэм ар яхуэзфIокI.

Джэгум и пэщIэдзэ дакъикъэхэм щыщIэдзауэ Урысей Федерацэм и футболистхэм ихъуреягъкIэ зыкъэрагъэбыдэкIащ. Ди зауэлIхэм 1942 гъэм Сталинград къалэр яхъумэу фIэкIа пщIэнтэкъым. Испанхэм хуэдиплIкIэ топыр нэхъыбэрэ яIыгъащ, хуэдитхукIэ нэхъыбэрэ ди гъуэм къеуащ... Арщхьакlэ ди щIалэхэм дагъэнэшэу захъумэжащ. Испаниием и футболист цIэрыIуэхэм Урысей Федерацэм и гъуэр хагъэщIэну зэи яхуэзфIэкIакъым икIи ахэр япэ зэрищар зи фIыгъэри дыдейэращ: Игнашевичыр щыджалэм, и лъакъуэм кьытехуэри, топыр ди гъуэм дыхьащ. Ар кьыщыхьар джэгум и епщыкIуГпанэ дакъикъэращ.

Адэкlэ кьыпщыхъунут кIуапIи-жапIи зымыIэж Урысей Федерацэм зыкъызэкъуихыну. Абы иужькIэ Испаниер и джэгукIэфым теувэжынурэ упэлъэщыжьыхэнутэкъым. Ар фIыуэ кьызыгурыIуэ Черчесовым и гъэсэнхэм зыхъумэжжыныгъэр кьагъэтIэсхъакъым. Ахэр пэплъэу хуежьащ я насып кьыщикIынум. Абыи куэдрэ зыпигъэплъакъым - зы сыхьэт ныкъуэ дэкIауэ арат Дзюбэ Артём щхьэкIэ гъуэм щеуэм Испанием и гъащIэхьэхъумэ Пике Жерар и Iэм топыр щытехуам. Ар кьыщыхъуар штрафной кIуэцIрати, судьям метр пщыкIуэным и деж игъэльэгъуащ. Пенальтир кьэзылэжьа Дзюбэ и къару псори удыным хилъхьащ икIи бжыгъэр зэхуэдэ ищIыжащ. Адэкlэ дыдейхэм нэхъри зыкъагъэбыдэж хъунут - апхуэдэу фIэкIа испанхэм пэщIэтыфынутэкъым.

Джэгум и етIуанэ Iыхьэми, иужькIэ кьыщIагъуа сыхьэт ныкъуэми Урысей Федерацэм и футболистхэм Iэзэу захъумэжащ. Абыкlэ унафэр зыIэщIэлъыр гупым и капитан Акинфеев Игорт. Арат гъащIэхъэхъумэхэр тезыгъэгушхуэр. Акинфеевым Iэ куэд фIэту фIэкIа кьыпхущIэнтэкъым икIи дэнэкIи кIуэ топыр зыщIимэрт. Апхуэдэурэ Iуэхур зэIущIэ нэужь пенальтихэм хуэхIущ. Ар зэрянасып джэшыр псоми ящIэ. НэгъуэщIу Урысей Федерацэр Испанием пэлъэщыфынутэкъым.

Япэу еуэну испанхэм кьалъысащ. Иныестэ и удыныр гущIэгъуншэт - 0:1. Смоловым кьыкIэлъыкIуэу и чэзущ. Абы топыр кьэщтэ, зыгуэрхэр кьибжкуэрэ ба хуещIри, метр пщыкIузым, хуэсакъыпэурэ, трегъэувэ. Зреч, и кьару кьызэрихькIэ йоуэри - 1:1. Адэкlэ утыкум кьохьэ зи зэранкIэ я командхэм топ зыхудагъэкIа Пикерэ Игнашевичымрэ. Абыхэм я щыуагъэхэр ягъэзэкIуэж - 2:2. ИтIанэщ ди гъащIэхьэт Акинфеевым и вагъэр щызэщIэлыдар. Коке и топым абы кьрегъэгъазэ. Головиным ди командэр япэ ирегъэщ, арщхьакIэ Рамос Серхио бжыгъэр 3:3 ещI. Дунейпсо чемпионатым и джэгуГуэ къэс топ щыдзэзыгъэкIа (япитIым хьэрхуэрэгъуэхэм яйм, ещанэм езым и гъуэм) Черышев Денис апхуэдизу мэгузавэрэн, пенальти ирамыгъэуам нэхъыфIт жыбоIэ. Арщхьакlэ зэрысабийрэ Испанием щызригъэгъуэта Iэзагъэр къобэкIри, ди командэр аргуэру япэ ирегъэщ, езыри и нэпсхэр кьыщIожу, гуфIэщауэ гупым кьахолъэдэж. Командэкlэр иджыри зэрызэ пенальти еуэн хуейщ, ауэ япэу ар кьызыпэщыльэ испанхэм топыр дамыгъэкIыфмэ, Iэхуэр зэфIэкIащ. Аспас Акинфеевым ебзэджэкIри, топыр нэгъуэщI лъэныкъуэмкIэ иутIыпщащ, арщхьэкIэ, щыджалэм Игорь и лъакъуэр кьишийри, абы кьригъэгъэзащ! Ар текIуэныгъэщ! Урысей Федерацэр финалым и Iыхьэ плIанэм кIуащ!

ЦIыху мин 78-м щIигъу зэрыс Мэскуу и «Лужники» стадиониыр зэщIэгъэгъащ, Абы и нэхъыбэр, дауи, зыдэщIыр дыдейхэрат.

Финалым и Iыхьэ плIанэм ди щIалэхэм хьэрхуэрэгъу кьащцыхуэхъунухэри хуабжьу гугъуу зэхэкIащ сыхьэтиплI дэкIа иужькIэ. Хорватиемрэ Даниемрэ я зэпэщIэтыныгъри 1:1-уэ ихащ. КъыщIагъуа зэманым хорватхэм я капитан Модрич Лукэ и гупыр нэхъ пасэу адэкIэ игъэкIуэтэфыну щытащ, арщхьакIэ метр пщыкIузым и деж щыту ебзэджэкIыфакъым викингхэм я гъащIэхьэт Шмейкел Каспер.

ЗэIущIэ нэужь пенальтихэри хуабжьу удэзыихьэхт. ЛъэныкъуитIми я гъащIэзэтетхэм топ зыбжанэм кьрагъэгъэзащ, ауэ Хорватием ейм и насып нэхъ кьикIащ. Иджы ар бадзэуэгъуэм и 7-м Сочэ и «Фыщт» стадионым кьыщытIущIэнущ.

НэхъапэIуэкIэ, мэкъуэуэгъуэм и 30-м, финалым и 1/8-нэ Iыхьэм хьихь япэ зэIущIэкэр зэхэтащ. Абыхэм япкъ иткIэ дуней и футболист нэхъыфIхэу (дыщэ топ тхурытху яIэщ) Месси Лионелрэ Роналду Криштианрэ зи пашэ Аргентинэмрэ Португалиемрэ кьыхагъэщIащ Франджымрэ (4:3-уэ) Уругваймрэ (2:1-уэ) икIи зэхьэзэхуэм кьыхагъэкIащ. Адэкlэ мыгъэрей дунейпсо чемпионатыр и вагъуэ нэхъ цIу дыдэхэр хэмыту екIуэкIынущ. Хэт ищIэн, нэгъуэщIхэр кьыщызэщIэблэнкIи хъунщ?! Иджыпсту дуней псом и гугъу щащI Урысей Федерацэр адэкlэ зыгъэкIуэта и гъащIэхьэтет Акинфеев Игоррэ Месси и гупыр хэзыгъэщIа Франджым и гъащIэхьэуэ ныбжьыщIэ Мбапперэ. Адэкlэщ нэхъ хьэлэмэтыжыр кьыщIиттпэлъэр.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Гъащ1э узыншэм хуаущий

Наркоманиемрэ наркотикхэр щэнымрэ ебэныным и дунейпсо махуэм ехьэлIауэ ирагъэкIуэкI Iуэхуэхэм хиубыдэу, Бахъсэн къалэм дэт курыт еджапIэ №1-м щылажьэ лагерым КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэр зэрызэрагъэкIуэкIым кIэлъыплъынымкIэ и управленэм и лэжьакIуэхэм къыщIэзэрагъэпэщащ «Сабийхэм гъащIэ узыншэр къыхах» зэIущIэр.

АБЫ хэтащ Бахъсэн къалэ округым балигъ мыхъуахэм я Iуэхуэмрэ абыхэм я хуитныныгъэхэр хъумэнымкIэ и муниципальнэ комиссэм и Iэщ1агъэлI нэхъыщхьэ **Къарэмыщ Галинэ**, Бахъсэн районым и сымаджэщым и психиатр-нарколог **Мудуевэ Фаридэ**, Бахъсэн къалэм Сабий творчествэмкIэ и центрым и волонтёрхэр.

Ахэр сабийхэм епсэльащ я узыншагъэр яхъумэным, хабзэншагъэ Iуэхум зыдрамыгъэхьэхьным теухуаягъ.

ЗэIущIэр яухащ школым щыпажьэ лагерым и унафэщI **Мамхэгъ Залинэ** къызэригъэпэща концерткIэ. Абы хэтащ **Къэзан Марьянэ** и продюсер центрым и артист ныбжьыщIэхэр, абыхэм ящIыгъуу я зэфIэкI игъэльэгъуащ лагерым зыщызыгъэпсэхуэным.

Iуэхум хэта псоми хуагуэшащ КъБР-м щыIэ МВД-м дзыхь зрагъэз и телефон номеры зытет, гъащIэ узыншэм къыхуезыджэ буклетхэр.

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iуэхущ1апIэ.


● Щэнхабзэ

Лепс Налшык щыхьэщIащ

Хабзэ зэрыхъуауэ, гъэмахуэм Налшык къалэм и Театр щхьэантIэм уэрэджьыкIыу, артист цIэрыIуэхэр къоблагъэ. Апхуэдэ чэзур иджыблагъэ ялъысащ уэрэджьыкIыу, композитор, продюсер цIэрыIуэ, УФ-м щыIэ щыхь зиIэ и артист Лепс Григорийрэ абы и музыкантхэмрэ.

РЕСПУБЛИКЭМ исхэр куэд лъандэрэ зыпэплъэ, зи макъыр ягу дыхьэ Лепс Григорий и концертым зэхуишэсахэм а пщыхьэщхьэм я IутIыжьт. ЦIыхубэм фIыуэ ялъэгъуа артистым и уэрэд цIэрыIуэхэру «Я поднимаю руки», «Самый лучший день», «Я счастливый», «Я тебя не люблю», нэгъуэщIхэми къырихьэлIахэр дежьуащ.

Лепс Григорий и пшыхьыр кьыдзэзыIыгъа и лэжьэгъу музыкантхэр къырихьэлIахэм чэзууэ ягирэзэцIыхуащ. Абы республикэм исхэм фIыщIэ яхуищIащ гуапэу къаззрыIущIам, зэман хухахыу концертым зэрызыкърагъэхьэлIам папщIэ.

Сыхьэтитlым щIигъукIэ екIуэкIа пшыхьыр кьырихьэлIахэм гуапэ зэращыхьуам икIи ар къаззремэщIэкIам и нэщэнэт ахэр зэбгрымыкIыжьыгъ Лепсрэ и музыкантхэмрэ къаувыхьауэ зэрызэхэтыр. Апхуэдэу щыхъуам, хьэщIэхэм я уэрэд нэхъыфIхэм языхэзэхам аргуэру кьыгъэзэжащ, артистхэмрэ музыкантхэмрэ зигу пымыкIхэр абыхэм иджыри тIэкIу дежьуну Iэмал ирату.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр:

Хьэфыцl Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Нэщ1эныджэ Замирэ, Щ1хьэщэмыщ1 Иэз.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдахэм яхуэхъыныр и пщIэ дэлъц КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитныныгъэр хъумэныжкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыджкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щ1ощ1эн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щ1ощ1эн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэлэныкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэт.** *Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Бешто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 2.112 ● Заказ №673